O`ZBEKISTAN RESPUBLIKASI XALIQ BILIMLENDIRIW WA`ZIRLIGI

A`JINIYAZ ATINDAGI NO`KIS MA`MLEKETLIK PEDAGOGIKALIQ INSTITUTI

«Pedagogika ha`m psixologiya» ta`lim bag`dari
IV-kurs qaraqalpaq topari talabasi Urazbaeva Feruzanin`

# PITKERIW QA`NİGELİK JUMISI

**Tema:** Oqıwshılardı ruwxıylıq ha`m a`dep-ikramlılıqqa ta`rbiyalawda xalıq do`retpelerinen paydalanıw

Ilimiy basshi p.i.k. M. Pazilova.

Kafedra baslig`i, ps.i.k.: dots. Z. Sherimbetova

**No'kis-2017 j.**

**KİRİSİW**

**I. Bap. Ruwxıylıq ha`m a`dep-ikramlılıq ta`rbiyalarının` teoriyalıq tiykarları.**

1. 1. Ruwxıylıq ha`m a`dep-ikramlılıq ta`rbiyaları haqqında ulıwma tu`sinik.

1. 2. Ruwxıylıq ha`m a`dep-ikramlılıq ta`rbiyaları ha`m olardın` oqıwshı shaxsının` qa`liplesiwindegi a`hmiyeti.

1. 3. Xalıq do`retpelerinde jumbaq jan`iltpash ha`m naqil-maqallardin` ta`rbiyaliq ku`shi, erteklerdin` tutqan orni ha`m a`hmiyeti

**II. Bap. Oqıwshılardı ruwxıylıq ha`m a`dep-ikramlılıqqa ta`rbiyalawda xalıq do`retpelerinen paydalanıw mazmunı**

2.1. Xalıq do`retpelerinin` oqiwshilardin` ruwxıylıq ha`m a`dep-ikramlılıq ta`rbiyasındag`ı ornı…………………………………………………25

2. 2. Oqıwshılardı ruwxıylıq ha`m a`dep-ikramlılıqqa ta`rbiyalawda xalıq do`retpelerinen paydalanıw mazmuni

JUWMAQLAW

PAYDALANG`AN A`DEBİYaTLAR.

## KIRISIW

**Temanın` aktuallıg`ı.** Ruwxıylıq ja`miyetimizdin` en` a`hmiyetli tarawlarinin` biri retinde, ol milliy g`a`rezsizligimizdi mazmun jag`inan bayitip bariwshi bag`dar bolip tabiladi. Sonliqtan da birinshi prezidentimiz Islam Karimov g`a`rezsizligimizdin` da`slepki ku`nlerinen baslap-aq xalqimizdin` milliy, ruwxiy tikleniwine, ma`nawiyattin` rawajlaniwina ayriqsha itibar berip kelmekte.

Birinshi prezidentimiz o`zinin` «Joqari ma`nawiyat jen`ilmes ku`sh» miynetinde: Manawiyat insannin` qan-qanina su`yek-su`yegine jillar dawaminda ana su`ti, shan`araq ta`rbiyasi, ata-babalardin` na`siyati, watan tuyg`isi, bul turmistin` bazida ashshi, bazida quwanishli sabaqlari menen qatlam-qatlam bolip sin`ip baradi. A`sirese ta`biyatinda adamlarg`a jaqinliq, ba`rqulla jaqsiliqti oylap jasaw, hadal miynet etiw, du`n`yanin` ten`siz inam ha`m go`zzalliqlarinan zawiq aliw ma`nawiyatqa aziq beredi oni ja`ne de ku`sheyttiredi[2] » dep atap o`tedi.

Birinshi prezidentimiz ta`repinen ilgeri su`rilgen bul kontseptual ideyanin` teoriyaliq ha`m a`meliy a`hmiyeti sonda, ol birinshiden, eski awqam da`wirindegi ma`nawiyatti rawajlandiriwg`a u`shinshi da`rejeli faktor sipatinda qarag`anliqtan ja`miyetlik-siyasiy, ekonomikaliq ha`m ma`nawiy krizisinin` sebeplerin ko`rsetedi. Ekinshiden, ma`nawiyatti rawajlandirmastan, shaxstin` ma`nawiy ruxiyatin o`zgertpesten turip ja`miyette go`zlegen maqsetti a`melge asiriw mu`mkin emesligin ilmiy jaqtan tiykarlap beredi.

Haqiyqattan o`z Watanin su`ymegen, onin` ha`r-bir qaris jeri ushin juwapkershiligin sezbegen ha`r bir insan ma`nawiy ta`repten jarli sanaladi.

Millet qashan milliy tiykarlarg`a su`yengende g`ana rawajlaniwg`a erisiwi mu`mkin. Ol heshqashan o`zgelerdin` ja`rdemi menen millet da`rejesine ko`terile almaydi ha`m ma`nawiy rawajlaniwg`a erise almaydi.

Ata-babalarimizdan qalg`an miyraslar milletimizdin` tek g`ana o`tmishi emes sonin` menen birge keleshegi ushin da, pidayiliq tiykari ha`m ilhamlandiriwshi ku`sh deregi bolip esaplanadi.

G`a`rezsizlik jillari ma`nawiyatimizdin` a`hmiyetli buwini esaplang`an ta`lim ha`m ta`rbiya dizimine milliy ruwx bag`ishlawda bir qatar isler a`melge asirildi. A`sirese «Bilimlendiriw haqqinda Nizam», «Kadrlar tayarlawdin` milliy bag`darlamasi» ha`m «Sag`lom avlod dasturining» qabillaniwi milliy ma`nawiyatimizdin` rawajlaniwinda, ma`mleketimizdin` keleshekte rawajlang`an ma`mleketler qatarinan mu`na`sip orin iyelewinde, milletimiz abiroyinin` asip bariwinda og`ada a`hmiyetli qa`dem boldi. Islengen jumislar ma`nawiy miyrasimizdi o`zlestiriw, milliy o`zligimizdi an`law ha`m basqa da ko`plep ma`nawiy turmisimizda a`melge asirilg`an o`zgerisler g`a`rezsizligimizdin` jemisi esaplanadi.

**Jumıstın` maqseti:** Oqıwshılardı ruwxıylıq ha`m a`dep-ikramlılıqqa ta`rbiyalawda xalıq do`retpelerinen paydalanıw mazmunın ashıp beriw.

**Izertlew waziypasi**

- Ruwxıylıq ha`m a`dep-ikramlılıq ta`rbiyaları haqqında ulıwma tu`sinik beriw;
- Ruwxıylıq ha`m a`dep-ikramlılıq ta`rbiyaları ha`m olardın` oqıwshı shaxsının` qa`liplesiwindegi a`hmiyetin aship beriw;
- Xalıq do`retpelerinde jumbaq jan`iltpash ha`m naqil-maqallardin` ta`rbiyaliq ku`shi, erteklerdin` tutqan orni ha`m a`hmiyeti u'yreniw;
- Xalıq do`retpelerinin` oqiwshilardin` ruwxıylıq ha`m a`dep-ikramlılıq ta`rbiyasındag`ı ornın aniqlaw;
- Oqıwshılardı ruwxıylıq ha`m a`dep-ikramlılıqqa ta`rbiyalawda xalıq do`retpelerinen paydalanıw mazmuni aship beriw.

**İzertlew ob`ekti:** Oqıwshılardı ruwxıylıq ha`m a`dep-ikramlılıqqa ta`rbiyalawda xalıq do`retpelerinen paydalanıw protsessi

**İzertlew predmeti:** xalıq do`retpelerinen paydalanıw mazmunı

**Izertlewdin` ilimiy gipotezasi:**

Xalq do'retpelerinen oqiwshilardi ruwxiyliq ha'm a'dep ikramliliqqa tarbiyalaw qurali sipatinda paydalaniw protsessinin' na'tiyjeligi asadi, egerde to'mendegiler esapqa alinsa:

-jumbaq, jan`iltpash ha`m naqil-maqallardin` ta`rbiyaliq ku`shi, erteklerdin` tutqan orni ha`m a`hmiyeti, eposliq shig`armaları xalıq do`retpelerine derek miyraslar ekenligi aniqlap ko'rsetilse;

- Ruwxıylıq ha`m a`dep-ikramlılıq ta`rbiyalarının' oqıwshı shaxsın qa`liplesiwindegi a`hmiyeti aship berilse;

- Oqıwshılardı ruwxıylıq ha`m a`dep-ikramlılıqqa ta`rbiyalawda xalıq do`retpelerinen paydalanıw mazmuni aship berilse, xalıq do`retpelerinen paydalanıw арқалы oqıwshılardı ruwxıylıq ha`m a`dep-ikramlılıqqa ta`rbiyalaw mazmunı toliq aship beriledi.

Jumıstı orınlawda paydalanılg`an tiykarg`ı usıllar.

Mashqalag`a tiyisli jumıslardı u`yrenip analiz etiw, ulıwmalastırıw,

**İzertlewdin` ilimiy jan`alıq da`rejesi:** Ruwxıylıq ha`m a`dep-ikramlılıq ta`rbiyaları ha`m olardın` oqıwshı shaxsının` qa`liplesiwindegi a`hmiyeti ashıp berilgenligi, xalıq do`retpelerinin` oqiwshilardin` ruwxıylıq ha`m a`dep-ikramlılıq ta`rbiyasındag`ı ornı, oqıwshılardı ruwxıylıq ha`m a`dep-ikramlılıqqa ta`rbiyalawda xalıq do`retpelerinen paydalanıw mazmuni ashıp berilgenligi.

**İzertlewdin` a`meliy a`hmiyeti:**

Jumıstın` juwmaqları oqıwshılardı ruwxıylıq ha`m a`dep-ikramlılıqqa ta`rbiyalawda xalıq do`retpelerinen paydalanıwda pedagog-ustazlarg`a metodikalıq qollanba retinde qollanıwlarına imkaniyat beredi.

**Jumıstın` du`zilisi:**

Jumıs- kirisiw, eki bap ha`m juwmaqlaw bo`limlerinen turadı ha`m diplom jumısın orınlaw barısında paydalanılg`an a`debiyatlardın` dizimi menen juwmaqlang`an.

***Orınlang`an jumıstın` tiykarg`ı na`tiyjeleri:***

**Diplom jumısında** oqıwshılardı ruwxıylıq ha`m a`dep-ikramlılıqqa ta`rbiyalawda xalıq do`retpelerinin` tutqan orni

ashıp beriledi.

## I. Bap. Ruwxıylıq ha`m a`dep-ikramlılıq ta`rbiyalarının` teoriyalıq tiykarları.

1. 1. Ruwxıylıq ha`m a`dep-ikramlılıq ta`rbiyaları haqqında ulıwma tu`sinik.

Ma`mleketimiz o`z g`a`rezsizligine eriskennen keyin erkin pikirley alatug`in, o`zin an`lag`an, ja`miyettin` maqsetin, ma`plerin tu`sinip jetetug`in, ha`r ta`repleme jetik insandi ta`rbiyalaw waziypasi ma`mleket siyasatinin` basli bag`dari etip belgilendi. Ulli oyshil Abu Nasir Farabiy «Eger ma`mleket o`z nizamshilig`inda haqiyqiy muhabbat, joqari moral`, ba`rkamal aqilg`a iye bolmasa, onin` ta`g`diri qiyraliw ha`m pitiran`qiliq boladi» degen edi. Haqiyqatinda da nizamg`a muhabbat, joqari moral`, ba`rkamal aqil, salamat ha`m ha`r ta`repleme tiykarli ideologiya ornag`an jerde g`ana saltanat quradi.

Birinshi prezidentimiz I.A.Karimov «Joqari Ma'nawiyat- jen`ilmes ku`sh» atli miynetinde Ma'nawiyattin` insandi insan qilatug`in, onin` sanasi ha`m psixologiyasi menen tig`iz baylanisli tu`sinik ekenligin ha`m onin` ha`r qanday adam, ja`miyet, millet ha`m xaliq turmisinda hesh bir na`rse menen o`lshep bolmaytug`in ayriqsha orin iyeleytug`inin atap ko`rsetedi ha`m bul tu`sinikke to`mendegishe ta`riyp beredi: «Ma'nawiyat - insandi ruwxiy pa`kleniw, qa`lbinin` o`siwine shaqiratug`in, adamnin` ishki du`n`yasi, erkin ku`shli, iyman-isenimin pu`tin etetug`in, hu`jdanin oyatatug`in ten`siz ku`sh, onin` barliq ko`z-qaraslarinin` o`lshemi».

Demek Ruwxıylıq - bul insandi basqa barliq tiri janzatlardan ajiratip turiwshi faktor bolip, adamnin` ishki du`n`yasinin` ken`ligin, teren`ligin, o`zin-o`zi an`lawin, aqil-oyinin` jaratiwshi qu`diretin, o`z aldina maqset ha`m ideyalar qoya bilip, og`an erisiw ushin ha`reket ete aliwin, qa`driyatlarg`a iye bola aliwin ko`rsetedi.

A`lbette, ha`r bir insan ruwxıylıqqa iye boliwg`a qa`biletli, lekin ol insan qa`lbinde shan`araq, ortaliq, ja`miyettegi ta`rbiya arqali ata-babalarimizdan kiyatirg`an qa`diriyatlarimiz negizinde, ja`miyette ornag`an birdemlik, ma`mlekettin` a`dalatpa`rwar ha`m insanpa`rwar siyasati tiykarinda qa`liplesedi.

O`mirde ha`r bir adam baxit ha`m qa`terjamliqqa erisiwdi qa`leydi. Insan jaratilistin` joqari janzati. Ol materialliq ha`m ruwxiy ku`shke iye. Barliq

maqluqlarg`a da ta`n bolg`an materialliq o`zgesheliklerden pariqli tu`rde insan o`zin udayi kamalatqa qaray umtildiratug`in ruwxiy za`ru`rliklerge de iye. Adam o`z o`mirinde baxitqa erisiwi ushin ondag`i usi eki ta`rep te ten` keliwi kerek. Ko`p jag`dayda insannin` baxitsizlig`i, qapaliqlar, sotsialliq pa`leketler adamlardin` ruwxiy krizisi sebepli ju`zege kelmekte. O`tmishtegi oyshillar siyaqli bu`gingi ku`ndegi izertlewshiler de joqari ruwxiy qa`diriyatlarsiz insan a`dalat jolinan shetlep ketetug`inlig`i tuwrali juwmaqqa kelmekte. Tariyx sabaqlari ruwxiy talaplarg`a a`mel qilmag`an ja`miyet adamlar ja`ma`a`ti sipatinda kriziske ushiraytug`inlig`in ko`rsetpekte.

Adamlar ta`repinen turmistin` ha`r qiyli tarawlarinda jaratilg`an nizamlar ha`m sistemalardin` insan diline kirip bariwi, ha`r qiyli ja`miyetler ha`m milletler ortasinda konstruktiv qarim-qatnasiqlar ornatiwda ruwxiy o`lshemlerge qarag`anda bir qansha a`zzi boladi. Ma’nawiyat o`lshemleri adamlar ta`repinen basqa tarawlarda jaratilg`an nizamlar siyaqli waqit aldinda a`zzi emes. Olar o`mir ha`m turmistin` barliq tarawlarin qamtip aladi ha`m insanlarg`a ka`malat ha`m moralliq joqariliqqa erisiwdin` en` aniq sistemasin ko`rsetip beredi ha`m joqari muratlarg`a jetekleydi.

Sonin` ushin da ja`miyet ag`zalarin joqari ruwxıylıq penen qurallandirmay turip, qa`wipsiz ha`m ka`mil ja`miyet quriw mu`mkin emes. Ta`n aling`aninday, progress ta`g`dirin ruwxiy jaqtan jetik adamlar sheshedi. Joqari texnikaliq bilim, quramali texnologiyani iyelew qa`bileti ruwxiy ba`rkamalliq tiykarindag`i o`z betinshe pikirlew arqali alip bariliwi kerek. Mine usinnan kelip shig`ip, «Aqiliy zakawat ha`m ruwxiy-psixologiyaliq potentsial ma`ripatli insannin` eki qanatidur»[3., 23] degen edi birinshi prezidentimiz I.Karimov.

“Ruwxıylıq” ha`r qashan ag`artiwshiliq penen uyg`inliqta rawajlanip baradi. Ag`artiwshiliq - biliw, bilim, taniw ha`m mag`liwmat degen ma`nisti an`latadi. Ata-babalarimiz a`zel-a`zelden ilim-bilimdi biybaha bayliq dep esaplap, ilim-bilim, ta`lim ha`m ta`rbiyani insan kamalati ha`m millettin` gu`lleniwinin` en` tiykarg`i sha`rti ha`m kepili dep bilgen. Sonliqtan XX a`sir baslarinda

ja`didlerimiz ja`miyetti jan`alaw, milletti rawajlandiriw isin tikkeley tu`rde ag`artiwshiliq penen baylanistirg`an edi.

Ja`miyet, ma`mleket, millet tariyxindag`i burilis, rawajlaniw ag`artiwshiliqta baslanadi. Zamannin`, millettin` en` jetik, sanali, pidayi, elim, jurtim dep jasawshi, uzaqti ko`re alatug`in ruwxiyatli adamlari ag`artiwshiliq penen shug`illang`an. Sebebi ag`artiwshiliq - ruwxiy g`a`rezlilikten, qulliqtan azat etedi, insang`a ten`siz qu`diret beredi. Ma`mleket, millet azatlig`i - onin` ag`artiwshilig`inda, oyawlig`inda. Sonliqtanda elimizde u`zliksiz ta`lim sistemasin jetilistirip bariwg`a turaqli diqqat-itibar qaratilip kelinbekte.

Ruwxıylıqtin` kategoriyalarin sha`rtli tu`rde insan, millet ha`m ja`miyet turmisi menen baylanisli dep u`sh toparg`a bo`liwge boladi. Shaxs turmisi menen baylanisli bolg`an tu`siniklerge to`mendegilerdi kirgiziw mu`mkin: shaxstin` o`zin-o`zi an`lawi, bilimdanliq, qa`lbinin` tazalig`i, saqiyliq, haq kewillilik, qayirliliq, iymanliliq, hadalliq, isenim, diyanatliliq, pa`klik, miyrim-sha`pa`a`tlilik, hu`jdanliliq, rasgo`ylik, a`dalatpa`rwarliq, ata-anag`a hu`rmet, shan`araqqa sadiqliq, wapadarliq, tuwriliq ha`m basqalar.

Shaxstin` millet wa`kili sipatindag`i statusinan kelip shig`ip to`mendegi tu`siniklerdi kirgiziw mu`mkin: milliy o`zlikti an`law, milliy maqtanish, milletpa`rwarliq, watanpa`rwarliq, millet ta`g`dirine baylanisli juwapkershilikti, milliy ma`plerdin` u`stinligin seziniwdi, milliy til, milliy tariyx, a`debiyat, iskusstvo, u`rp-a`detler, qa`driyatlar, ma`mleket sistemasina hu`rmet ha`m itaatkarliq, salqin qanliliq, o`z ka`sibinin` sheber mamani boliw, ma`mlekettin` ishki ha`m sirtqi iskerliginen xabardar boliw ha`m oni qollap-quwatlaw, ma`mlekettin` sotsialliq, siyasiy, ekonomikaliq, ruwxiy turmisinda belsendilik ha`m t.b.

Shaxstin` ja`miyet wa`kili sipatindag`i statusinan kelip shig`ip: ma`mlekettin` ja`ha`ndegi abiroyin arttiriwdag`i juwapkershilik, du`n`ya tsivilizatsiyasi tabislarin iyelew, du`n`ya xaliqlari aldinda turg`an uliwma adamzatliq mashqalalarg`a biypa`rwa bolmaw, milliy ha`m uliwma insaniy

ma`pler uyg`inlig`in an`law, insannin` ta`biyattin` bir bo`legi ekenligin, oni asirawda juwapkershilik h.t.b.

Joqarida keltirilgen Ruwxıylıqtin` barliq tu`sinikleri shaxstin` ishki psixologiyasi menen baylanisli bolip, olar shaxstin` ruwxiy da`rejesi, millet ha`m ja`miyet wa`kili sipatindag`i statuslarin qamtip aladi.

Real turmista ruwxıylıq - ha`r bir insannin` millet, ja`miyet, ma`mleket turmisi, insanlar ortasinda bolatug`in ha`m sotsialliq qarim-qatnasiqlarda ko`rinislerin tabadi.

«Hu`jdannin` pa`kligi ha`m oyawlig`i neshshe a`sirler, zamanlar o`tse de insan ruwxiylig`inin` tayanish u`stinlerinin` biri bolip kelmekte. Ja`miyet turmisinda a`dalat ha`m haqiyqatliq, mehir-sha`pa`a`t, insap, diyanat kibi tu`siniklerdi ornatiwda mine usi faktordin` orni ha`m ta`siri ten`sizdur. Hu`jdani oyaw adam a`tirapinda bolip atirg`an waqiyalarg`a, ja`rdem ha`m ko`mekke mu`ta`j insanlardin` mashqalalarina, a`dalattin` ayaqqa basiliwina biypa`rwa qaray almaydi. A`sirese, el-jurt ma`pine ziyan jetkizetug`in jawiz is-ha`reketlerge hesh qashan shetten tim-tiris qarap tura almaydi, o`z jurti ha`m xalqina baylanisli qiyanet ha`m satqinliqti hasla qabil ete almaydi. Bunday halatlardi ko`rgende hu`jdani qiynaladi, udayi janip-ku`yip jasaydi, qalay bolmasin olardi saplastiriwg`a umtiladi, kerek bolsa, bul jolda ha`tte janin da pida` etedi»[6].

Ruwxıylıqtin` rawajlaniwi da belgili bir nizamliqlarg`a su`yenedi. Bul nizamliqlardi tiykarinan eki iri toparg`a ajiratiw mu`mkin.

Birinshi toparg`a shaxs, millet yaki ja`miyettin` ishki potentsiali menen baylanisli bolg`an nizamliqlar kiredi. Yag`niy shaxs, millet yaki ja`miyettin` ishki potentsiali bekkem, tamirlarinin` teren` boliwi Ma’nawiyattin` rawajlaniwinin` tiykarin quraydi. Eger ishki potentsial ha`lsiz bolsa, shaxstin` ba`rkamalliq da`rejesine, millettin` o`zinin` bir pu`tinligin saqlawg`a ha`m sonin` menen birge ja`miyettin` joqari rawajlaniw basqishina erisiwine unamsiz ta`sir etedi.

Ekinshi topar nizamliqlarina shaxslar ha`m milletlerdin` o`z-ara qarim-qatnasiqlari protsessinde ju`zege keletug`in «o`z-ara ta`sir» ha`m «o`z-ara bayitiw» arqali bolatug`in protsessler kiredi. Yag`niy shaxstin` ruwxiy kamalati

anadan tuwiliwi menen ju`zege kelmeydi. Tap sol siyaqli basqa xaliqlar, milletler menen birge islesiw na`tiyjesinde payda boladi. A`esh qashan shaxs, insan o`zgelersiz jasay almag`ani siyaqli millet te basqa milletler, xaliqlar menen baylanislar, qarim-qatnasiqlar ornatpastan jasay almaydi. Ja`miyet te mine usi nizamliliq tiykarinda rawajlanadi.

Bul nizamliqlardin` qollaniliwi ob`ektiv ha`m sub`ektiv sha`rt-sha`rayatlar menen baylanisli boladi. Shaxs kamalati ha`m Ma'nawiyattin` erkin rawajlaniwi, kamal tabiwi ushin sha`rayat bar bolsa nizamliqlardin` qollaniliwi uliwma ruwxiy progresske xizmet etiwge o`zinin` unamli ta`sirin tiygizedi.

Ja`miyet, shaxs ha`m millet turmisindag`i ma'nawiyattin` orni haqqindag`i ko`z-qaras ha`m pikirlerdin` qanshelli da`rejede turmisqa engiziliwi ma`mleket alip barip atirg`an siyasat penen baylanisli. Duris, shaxs ha`m millettin` qa`liplesiwi yaki ja`miyettin` rawajlaniw basqishlarinda ma'nawiyattin` roli ha`m a`hmiyetine belgili da`rejede itibar berip kelingen. Lekin bu`gingi ku`nge kelip ma'nawiyattin` ja`miyet rawajindag`i a`hmiyetine bolg`an itibar barg`an sayin ku`sheyip barmaqta.

Ja`miyetimizdin` barliq tarawlarinda a`melge asirilg`an ken` ko`lemli reformalardin` na`tiyjeliligi en` da`slep xaliqtin` ruwxiylig`inin` tikleniwi, bay tariyxiy miyrasimizdin` teren` u`yreniliwi, u`rp-a`det ha`m da`stu`rlerimizdin` saqlaniwi, ma`deniyat ha`m iskusstvo, ilim ha`m bilimlendiriwdin` rawajlaniwi, en` a`hmiyetlisi, ja`miyettin` oylaw ta`rizinin` o`zgeriwi ha`m joqarilawi menen baylanisli.

O`zbekstannin` o`z aldina joqari maqset etip qoyg`an huqiqiy demokratiyaliq a`dil puqaraliq ja`miyet quriw siyaqli u`lken waziypanin` a`melge asiriliwi birinshi na`wbette xalqimizdin` ruwxiy ha`m ag`artiwshiliq barkamallig`ina baylanisli. Sebebi «Du`n`yanin` demokratiyaliq qa`driyatlarinan bahramand boliwda xaliqtin` bilimdanlig`i man`izli a`hmiyetke iye. Tek bilimli, ag`artiwshiliqqa iye ja`miyet g`ana progresstin` barliq abzalliqlarin qa`dirley alatug`inlig`in ha`m kerisinshe, bilimi kem, nadan avtoritarizmdi, totalitar du`zimdi maqul ko`retug`inlig`in turmistin` o`zi isenimli ta`rizde da`lillemekte.

Bu`gingi ku`nde Ruwxıylıqtin` ma`mleket siyasatinin` basli tarawina aylaniwinin` bir neshe sebepleri bar. Olar to`mendegiler:

Birinshiden, ja`miyette jasaytug`in barliq adamlardin` ta`g`diri, onda jasaytug`in adamlardin` oylawi, sanasinin` qanday 0da`rejede ekenligi menen baylanisli. Olardin` sanasin ha`m oylaw ta`rizin a`melge asirmaqshi bolg`an waziypalardin` ma`nis-mazmuninan ha`m ma`plerinen kelip shiqqan halda o`zgertpesten turip go`zlegen maqsetlerge erisip bolmaydi.

Mine usi ma`niste ruwxıylıq ja`miyet turmisin o`zgertiwdin` a`hmiyetli mexanizmi esaplanadi ha`m ha`r qanday ma`mleket o`z maqsetleri ha`m ma`plerinen kelip shiqqan halda oni rawajlandiriwg`a ayriqsha itibar beredi.

Ekinshiden, g`a`rezsizliktin` da`slepki jillarinda buring`i sovet ideologiyasinan waz keshiw bayrag`i astinda uliwma ha`r qanday ideologiyag`a qarsi gu`res bslandi. Bul o`z gezeginde adamlardin` ruwxiylig`ina, qa`liplesip atirg`an qa`driyatlarg`a da o`zinin` unamsiz ta`sirin tiygize basladi. A`sirese ekonomikaliq oylaw ta`rizin qa`liplestiriw kerek, Ruwxıylıq mine usi ekonomikaliq oylaw negizinde ju`zege keledi degen pikirler ilgeri su`riledi. Aqibetinde adamlar psixologiyasinda, turmis ta`rizinde ja`ne bir ta`replemelik orin ala basladi. Na`tiyjede milliy ma`pler, watanpa`rwarliq haqqinda qanshelli aytilmasin, ol o`zinin` ku`tilgen na`tiyjelerin bermesten, ba`lki adamlarda jeke ma`plerdi u`stin qoyiwg`a xizmet ete basladi.

Shininda bazar ekonomikasi ha`mme na`rseni ornina qoyadi degen jen`il-jelpi qarawg`a itaat qilip, tek materialliq bayliq keyninen quwiw - xalqimizdin` a`zeliy arziw-umtilislarina da, insaniyliq penen suwg`arilg`an milliy qa`diriyatlarimizdin` ma`nis-mazmunina da tuwra kelmes edi. Sol sebepli reformalardi a`melge asiriwda Ruwxıylıq ha`m ekonomika birin-biri biykarlamaydi, kerisinshe, birin-biri quwatlap, o`z-ara ta`sirlenip, rawajlanip baradi, degen qag`iyda ma`mleketimiz ushin bag`darlama sipatinda belgilengen.

U`shinshiden, g`a`rezsizliktin` da`slepki jillarinda ju`zege kelgen ekonomikaliq mashqalalar aldinda adamlardin` basim ko`pshiligi albirap qaldi, ko`pshilik jag`daylardi jaslardin` bilim aliw, ka`sip u`yreniw, iskusstvo ha`m

ko`rkem shig`armalarg`a qizig`iwdan go`re bazarg`a shig`iw, pul tabiwg`a umtiliw qa`wipin ju`zege keltirdi. Duris, pul tabiw, o`z turmisinin` ekonomikaliq imkaniyatlarin bekkemlew ha`r bir insan ushin o`mirlik talap ha`m za`ru`rlik. Biraq bul talap shaxs ha`m millet kamalati ma`plerine qayshi kelmewi, olardin` ruwxiy jarlilasip ketiwine xizmet etpewi kerek. Mine usi ju`zege kelip atirg`an qa`wipli protsesstin` aldin aliw ushin xizmet etedi.

To`rtinshiden, buring`i awqam sha`rayatinda ilim, texnika, bilimlendiriw, joqari bilimlendiriw, bir qatar sanaat ka`rxanalarin ju`zege keltiriw ha`m rawajlandiriwda ko`p g`ana tabislar qolg`a kirgizilgen edi. Biraq olar oray ha`m qala berse «u`lken ag`a» ma`plerine xizmet etken. Mine usi potentsial buring`i awqam respublikalarina ha`r qiyli ba`neler menen rus milleti wa`killerin jiberiw, olardi jergilikli xaliqti basqariw, olarg`a rus turmis ta`rizi, tili, u`rp-a`detlerin, xarakterin sin`diriw esabina ma`mlekette rus milleti ruwxiylig`inin` u`stinligine tayaniwshi birden bir til, ruwxıylıq ha`m turmis ta`rizin qa`liplestiriwge xizmet etip kelgen edi. Bunday hiyleker ha`m zorliq siyasati aqibetinde milletlerdin` o`zligin an`lawina bolg`an umtiliwg`a u`lken soqqi berildi. Bul buring`i awqamda uliwma milliy krizisti ju`zege keltirdi.

Bul krizis millettin` «joq» bolip ketiw qa`wpin keltirip shig`ardi. Bunday unamsiz protsesstin` aldi alinbastan millettin` rawajina erisip bolmaydi. Oni saplastiriw tek milliy ruwxıylıqti tiklew ha`m rawajlandiriw arqali a`melge asiriliwi mu`mkin.

Besinshiden, ruwxıylıqtin` ma`mleket siyasatinda u`stinlikke iye boliwina ja`ne bir sebep, millet sani jag`inan u`lken be yamasa kishi me, og`an qaramastan, onin` real sub`ekt, belgili bir materialliq ha`m ruwxiy bayliqlar jaratiwshisi, tutiniwshisi, basqalarda ushiraspaytug`in, o`zine ta`n o`zgeshelerinin` bar ekenligi ha`m o`zinin` o`z betinshe ornina iye boliwi kibi faktorlardi, yag`niy haqiyqiy millet sipatinda statusin tiklew turmisliq talap da`rejesine ko`terilgen edi. Oni sheshiw millet ha`m ma`mleket keleshegi ushin a`meliy a`hmiyetke iye bolip tabiladi.

Altinshidan, o`zbekler, qaraqalpaqlar du`n`ya tsivilizatsiyasina u`lken u`les qosqan xaliqlar. Olardin` ruwxıylıq, ilim, ma`deniyat tarawinda erisken tabislari du`n`ya xaliqlarina a`sirler asa xizmet etip kelmekte. Biraq, ken`es du`zimi da`wirinde ata-babalari ta`repinen jaratilg`an mine usi tabislardi xalqimizdin` sanasi ha`m qa`lbinen «shig`arip taslaw» salasinda da u`lken isler a`melge asirilg`an edi. G`a`rezsizlik sha`rayatinda bolsa oni qayta tiklew, du`n`ya tsivilizatsiyasindag`i mu`na`sip ha`m a`dalatli ornin tiklew za`ru`r edi. Bug`an tek g`ana Ruwxıylıqti rawajlandiriw arqali erisiw mu`mkin.

Jetinshiden, ruwxıylıq milletti ha`m pu`tkil ma`mleket xalqin belgili bir maqsetlerge qaray ma`mleket a`tirapina sho`lkemlestiriwshi, olardi belsendilestiriwshi, jarqin keleshekke isendiriwshi, insan zatin ulig`lawshi, onin` qa`dirin an`latiwshi u`lken «mexanizm» da bolip tabiladi. Mine usi a`hmiyetli «mexanizm»nen g`a`rezsizlikti bekkemlew, reformalardi a`melge asiriw, milletimizdin` qa`dirin ko`triwde paydalinwg`a bolg`an talap ma`mleketimiz, en` da`slep birinshi prezidentimiz Islam Karimov ta`repinen o`z waqtinda an`lap alindi.

Mine usi sebepler ha`m talaplar g`a`rezsizlikti qolg`a kirgizgenimizden keyin ma'nawiyatti rawajlandiriw ha`m milliy miyrasimizdi qayta tiklewdi ma`mleketimizdin` u`stinlikke iye siyasati da`rejesine ko`terdi.

«Birinshi na`wbette milliy ma`deniyatimiz, xaliqtin` ruwxiy baylig`inin` tamirlarina itibar beriw za`ru`r. Bul g`a`ziyne a`sirler dawaminda misqallap toplang`an. tariyxtin` ne-ne sinawlarinan o`tken. Insanlarg`a awir demlerde ma`det bolg`an. Bizin` waziypamiz - usi g`a`ziyneni ko`z qarashig`imizday asiraw ha`m ja`ne de bayitiw»

A`dep-ikramlılıq ta`rbiya ta`rbiyalıq jumıslar kompleksinde jetekshi orın tutadı. a'dep yaki ta`rtip degende - adamlardın` usı ja`miyette qatnaslar sisteması menen tariyxıy baylanıslı bolg`an minez qulıqlardı belgilep beretug`ın nızam - qag`ıydalar tu`siniledi.

A`dep - ikramlılıq minez-qulıq so`zleri arabsha bolıp, olar o`zbek, qaraqalpaq tilinde de o`z ma`nisinde qollanıladı. Ayırım a`debiyatlarda a`dep-ikramlılıq

adamlardın` ha`r bir ja`miyetke ta`n minez-qulıq normaları jıynag`ı delinse, basqalarında bolsa, a`dep - ikramlılıq ja`miyetlik sana ta`rtip – qag`ıyda bolıp, bul ta`rtip - qag`ıyda ja`miyetlik turmıstın` ha`mme tarawlarında adamlardın` ha`reketin ta`rtipke salıw funktsiyasın orınlaydı delinedi. Shıg`ıs alımları a`dep-ikramlılıqtı ekige ajıratıp ta`riyipleydi. Sonlıqtan ataqlı pedagog ha`m shayır A.Avloniy adamlardı a`dep-ikramlılıq jaqtan eki toparg`a bo`ledi ha`m ha`r bir toparg`a tiyisli bolg`an sıpatlardı ta`riypleydi. Onın` ko`rsetiwinshe «jaqsı minezli ha`m jaman minezli» boladı. «A`dep-ikramlılıq ilimi –adamlardın` minez-qulqın ekige bo`liw bolıp tabıladı. Eger na`psin tiyip a`deplilik payda bolsa jaqsı minez-qulıq. Eger ta`rtipsiz o`sip, jaman isler qılatug`ın bolıp ketse, jamanlıqqa say bolıp jaman minez-qulıq» dep ataladı. Demek, a`dep-ikramlılıq ta`rbiyada jaqsı minez-qulıqtı qa`liplestiriw ushın gu`res alıp barıladı.

Xalıq bilimlendiriw tarawında oqıtıw oqıwshılardı a`dep - ikramlılıqtı teren`lestiriw menen birge alıp barıladı. Olarda sana menen minez birligi ta`rbiyalanadı. Jeke adamnın` ja`miyet ha`m watang`a, miynetke, adamlarg`a, o`z minez - qulqına qatnasın to`mendegishe tekseriw mu`mkin:

Miynetke a`dep ikramlılıq qatnastı ta`rbiyalaw -jeke adamnın` pu`tkil ruwxıy bag`darın belgileydi, sebebi, islemey gurespey jasaw mu`mkin emes. Miynet jasaw negizi.

Bul a`dep ikramlılıq mu`na`sebet jeke adamnın` miynet protsessinde payda bolatug`ın joqarı sanasında miynettin` turmıstag`ı rolin anlawda jeke ha`m ja`ma`a`t miynetine hu`rmet qılıw ha`m miynet su`ygishlikde sa`wlelenedi.

Mektep oqıwshıları to`mendegi ta`rtip normalarına konigiw kerek:

1. Qabıl qılıng`an ta`rtip qag`ıydalarg`a oqıwda, mektepte, bos waqıtlarda kewil bo`liwge muta`jlik seziw:

2. O`zin - o`zi tekseriw ha`m o`z minez - qulqın basqarıw

3. Ja`ma`a`tke ta`rtip buzgan balalarg`a qarsı belsene gu`resiw.

Ta`rtip tiykarında sona jatadı, onı qabıl etiw basqaradı. Sanalı ta`rtipti ta`minleytug`ın qattılık g`a`rezsizlik, o`zin tuta biliw, sho`lkemlestiriwshilik

ka`biletlilik sıpatıları bolıp tabıladı. Sanalı ta`rtip xu`jdan ha`m durıs so`zlik penen baylanıslı.

Mektepke balalardı a`dep - ikramlılıq ta`rbiyag`a ta`rbiyalaw sabaq protsessinde, klasstan ha`m mektepten tıs tu`rli jumıslarda alıp barıladı. Oqıwshılarg`a bilim (ko`z aldına keltiriw - sezim, obrazlı bilimler, xabar - awız-eki mag`lumat, tu`sinik ulıwmalasqan bilim) tuqımlılıq ha`m ko`nlikpeler berildi.

Mektepte a`dep - ikramlılıq ta`rbiya beriwde ha`r qıylı usıllar qollanıladı. To`mende usı usıllardan keltiremiz:

1. A`dep - ikramlılıq ta`rbiyası oqıw protsessi menen qosıp alıp barıladı. Ullı nemis pedagogi A.V.Distervergtin` aytqanınday, jaqsı oqıta bilgen oqıtıwshı jaqsı ta`rbiyalaydı;

2. A`dep - ikramlılıq protsessinin` tabısı oqıwshılar ha`m mug`allimler ja`ma`a`tinin` uqıbına baylanıslı. Bunın` ushın ja`ma`a`t awızbirshilikli ha`m tatıw, balalar ta`rbiyalı bolıwı kerek

3. Ta`rbiyalıq islerdin` jobalı bolıwı ha`m birlikli tu`rde a`melge asırılıwı a`dep - ikramlılıq tabısın ta`miynleydi. A.S.Makarenkonın` "on joqarg`ı bilimli, o`zinshe isleytug`ın mug`allimnen, bilim da`rejesi pa`s (orta mag`lumat) bir jag`adan bas shıg`aratug`ın bes mug`allim abzal" - degenin umıtpaw kerek.

4. Mektepke unamlı emotsional sharayat jaratıw a`dep ta`rbiya protsessine paydalı ta`sir etedi. Ma`selen, Respublika G`a`rezsizligi ku`ni, Nawrız bayramı ku`nleri

5. Ba`rine oqıwshılardın` mekteptegi ulıwma ha`m bir ta`rtip qag`ıydalarına su`yeniw

6. A`dep - ikramlılıq ta`rbiyada balalardı sanalı, tu`siniklerdi sa`wlelendiriwde, tu`sindiriw, uqtırıw, sa`wbet, ba`seki, lektsiya, kewil alıw, jazalaw usılların paydalanıw

7. Miynet aldıng`ıları, ilim pa`n xızmetkerleri, miynet ha`m urıs veteranları, kop balalar analar, imanlı garrılar, xajılar menen ushırasıwlar sholkemlestirip barıw za`rur.

**1. 2. Ruwxıylıq ha`m a`dep-ikramlılıq ta`rbiyaları ha`m olardın` oqıwshı shaxsının` qa`liplesiwindegi a`hmiyeti.**

G`a`rezsizlikke erisip, ma’nawiyat ha`m ma`ripet ma`selelerine birinshi da`rejeli a`hmiyet beriwimiz, g`a`rezsizlikti bekkemlew waziypalari, ta`rbiya tarawinda salamat a`wlad, ruwxiy ba`rkamal insan, ka`mil insan siyaqli tu`siniklerdi u`yreniwge, olardin` ma’nisin o`lshep beriwge itibar qaratiwg`a a`hmiyet beredi. Joqarida atap o`tkenimizdey olar moxiyati birdey tu`sinikler. Insandi tuwriliqqa, hadalliqqa, pa`klikke, watanpa`rwarliq ha`m xaliq su`yerlikke jollaw bul tu`siniklerdin` ma’nisi ha`m mazmunin quraydi. Ha`zirgi ku`nde bul ma`selelerge birinshi da`rejeli dep qarawimizdin` sebebi - iymani, itiqadi ha`m ahloqiy paziyletleri, ma`nawiyati ku`shli, watan su`ygiligi tuyg`isi qa`lbinde shuqir tamir atqan, ma`nawiy ba`rkamal puqaralarg`a iye ma`mleket g`ana g`a`rezsiz ha`m ba`rqarar rawajlana aladi. Ulli keleshek ma’na’wiy ba`rkamal insanlarg`a su`yengende g`ana jaratiladi, qa`d ko`teredi. Basqasha qilip aytqanda, ma’na’wiy ba`rkamal insanlar g`ana ulli keleshekti jarata aladi. Bul ma`selede prezidentimizdin` to`mendegi sabag`i izretli: “Aziz salamat a`wlad ta`rbiyalaw, oni kamalg`a keltiriwimiz kerek. Salamat kisi degende dek dene salamatlig`i emes, al sharqana adap-axlaq, xaliqliq ideyalar ruwxinda kamal tapqan insandi tu`sinemiz”. Bul pikirlerden ko`rinip turg`aninday, sharqana a`dep-ikramliliq, jaqsi ideyalardi sanasina sin`dirip alg`an kisi joqari manawiyatli, yag`niy ruwxiy ba`rkamal, ka`mil insan esaplanadi.

Salamat degende, biz tek g`ana dene jag`inan ku`shli perzentlerimizdi emes, al ruwxiy bay a`wladti, axlaqiy pa`k, ma`ripetli perzentlerdi, a`wladti tu`siniwimiz kerek. Bunday kisiler o`zlerinde xalqimizdin` en` ardaqli paziyletlerin - iyman ha`m insap, mehir-aqibet, sha`pa`a`t ha`m meyirbanliq, uyat ha`m a`ndishe, ar-namis, o`z-ara hu`rmet, watanpa`rwarliq, eline ha`m xalqina sadaqat siyaqli qa`driyatlardi ha`m ideyalardi o`zinde ja`mlestirgen boliwi tiyis.

Birinshi prezidentimiz erkin puqara, azat shaxs, ba`rkamal insan haqqinda so`ylep, to`mendegi to`rt na`rsege itibardi qaratadi, yag`niy ha`r bir puqara:

- o`z haq-huqiqin taniytug`in bolsin, bunin` ushin gu`ressin,

- o`z ku`shi ha`m imkaniyatlarina tayanatug`in bolsin, imkaniyatlarin iske salip, na`tiyjesin ko`rsin,

- do`gereginde bolip atirg`an waqsa - ha`diyselerge mustaqil qatnas bildire alsi,

- o`z jeke ma`pine ma`mleket ha`m xaliq ma`npa`a`ti menen ten` ko`rip, xizmet ju`ritsin.

Bular barkamal insan paziyletleri haqqindag`i aniq ha`m toliq ta`riyp.

Insannin` insanlig`i, birinshi gezekte onin` manawiy adep-ikramliliq ta`repten barkamallig`i pa`kligi menen belgilenedi.

G`a`rezsizlik oylawi  ken` ko`lemde bolip, ol to`mendegilerdi o`z ishine aladi:

G`a`rezsizlik, bul bizge ata-babalarimiz qaldirg`an bay ha`m muqaddes manawiyatidur. Sol manawiyatti ha`r birimiz abaylap asirawimiz ma`mleket a`hmiyetine iye bolg`an waziypa ha`m parizdur.

U'shinshi ma`selenin` bayani. Joqarida aytip o`tkenimizdey, ka`mil insan tu`sinigi ma`nawiy ba`rkamal insan tu`sinigi menen baylanisli. Ruwxiy ba`rkamalliqqa jetispey turip, ka`mil insan da`rejesine jetiw mu`mkin emes. Demek, ma'nawiy ba`rkamalliqqa umtiliw - bul ka`mil insan da`rejesine erisiw ushin umtiliwdur. Ka`millikke insan o`miri dawaminda erisip baradi.

U'sh ta`sinik: salamat a`wlad, manaviy ba`rkamal, ka`mil insan - da`rejesi shuqir mag`ana ka`sp etedi. Sonnan kelip shig`atug`in bolsaq, ka`mil insan boliwdin` shegi ha`m shegarasi joq.

Ka`mil insan haqqinda tasawir a`debiyatinda ko`plegen shig`armalar jazilg`an. Abu Nasr Farabiy ha`m Alisher Nawayi siyaqli danishpanlardin` shig`armalarinda, a`sirese teren` orin alg`an. Ha`ziret Nawayinin` pikirleri ha`r bir insang`a ka`millikti o`zine basli maqset etiw za`ru`rligin an`latadi.

Ka`milliktin` belgisi haq jolinan barip, xaliqqa payda keltiriw. Kisi o`z sozi, a`meliy isleri, niyeti menen qanshama adamlarg`a payda keltirse, jamanlardi tuwra jolg`a salsa, haq jolinda qurban bolsa, ol sonsha ka`mil boladi.

Ka`mil, ba`rkamal insandi ta`rbiyalaw, ka`malg`a jetkiziw haqqinda insan o`miri ushin bag`dar, qollanba waziypasin o`tegen ko`p pa`ntnamalar, xaliq kitaplari bar bolg`an. Solardan, Qaykovusdin` Kabusnama, Sa`diydin` Gu`listan, Bostan, Amir Temurdin` Temur tuzukleri, A.Ja`miydin` Baqiristan, A.Nawayinin` Maqbubul qulub, Xusayn Koid Koshiflitdin` Ahloqiy muqsiniy shig`armalarini atap o`tiwimizge boladi.

Birinshi prezidentimizdin` to`mendegi ta`riypinde ka`mil insannin` tiykarg`i qa`siyetleri ha`r ta`repleme shuqir ha`m teren` aship berilgen: Ka`mil insan degende, -dep jazadi birinshi prezidentimiz I.Karimov, -biz en` a`weli sana sezimi joqari, mustaqil pikirley alatug`in, minezi menen basqalarg`a o`rnek bolatug`in bilimli, ma`riypetli kisilerdi tu`sinemiz.

Joqaridag`ilardi ha`zirgi g`a`rezsiz o`mir, turmis ta`rzimiz, kisilerdin`, a`sirese, jaslardin` umtiliwlari menen baylanistirip ka`mil insan haqqinda to`mendegilerdi qislat ha`m paziyletlerdi aytiwimizg`a boladi:

Ka`mil insannin` uliwma qa`siyetleri:

jag`imliliq, ko`rkemlilik, hu`rmet-itibarg`a sazawarliq, ullisipatliq, o`zine ta`nlik, ma`deniyatliliq, ta`rbiyalang`anliq ha`m basqalar.

Ka`mil insannin` a`dep-ikramlılıq paziyletleri:

Insanparwarliq, dosliq, g`amxorliq, adamgershilik, iymanliliq, pidakarliq, keshirimlilik, miymandosliq, hadalliq, tuwraliq, qaramdan qa`zer etiw ha`m basqalar.

Isbilermenlik qa`siyetleri:

Isshen`lik, insapliliq, hadalliq, epshillik, tejemqorliq, ba`rkamalliq, ta`mesizlik, ta`wekelshilik ha`m basqalar.

XX a`sirdin` baslarinda belgili rus shig`isti izertlewshi alimi Oldenburg: Evropanin` ma’nawiyat tarawinda usi ku`nge shekem qolg`a kirgizgen jetiskenlikleri o`tmishte shig`is ruwxiylig`i ko`terilgen kamalat shoqqilarina salistirg`anda go`dek balanin` «gu`birlisi» da`rejesinde degen edi.[1[a`]] Bul pikir menen esaplaspawg`a bolmaydi.

Shaxs ruwxiylig`in qa`liplestiriw ha`m qarar taptiriwda so`z ideyaliq ta`sir qurali sipatinda ju`zege keledi. «Jaqsi so`z-qilishtan da o`tkir» degen ga`p bar xaliqta. Haqiyqattan da o`z orninda isletilgen so`zler, jarqin ha`m haq kewilden aytilg`an ga`ptin` orni basqa, ma`nili pikir mudami adamlardin` minez-qulqina, ruwxiyatina unamli ta`sir etedi. Al pikir, tin`lawshinin` talap-iqtiyajina, arziw-u`mitleri ha`m ma`plerine baylanisli bayan etilse g`ana ta`sirshen` ha`m isenimli boladi.

Ruwxiy-ag`artiwshiliq ta`rbiyani alip bariwda belgili ruwxiy ko`z qaraslar dizimin birden, bir waqittin` o`zinde a`melge asiriwg`a umtilmasliq kerek. Bunday is jaqsi na`tiyje bermewi mu`mkin. Sonin` ushin tin`lawshig`a bo`lek-bo`lek, pikirler a`piwayi tu`rde bayanlansa, ol ma`selenin` ma`nisi tez an`lap alinadi, aytilip atirg`an pikir tin`lawshi qa`lbinen da`rhal orin aladi. Ma`selen, shaxs ruwxiylig`in qa`liplestiriwde milliy qa`diriyatlarimizdin` orni haqqinda aytar ekenbiz, olardin` barlig`in bir bastan, birme-bir ga`p etiw sha`rt emes, yag`niy, ana mehir-muhabbatinin` u`lken ku`sh ekenligin, bug`an baylanisli da`stu`rlerdin` bar ekenligin an`law ushin, a`piwayi ana ha`yiwinin` ta`sirshen`ligin ug`iniw, adamnin` qa`lbinde ku`shli, ta`kirarlanbas keshirmelerdi oyatiwi mu`mkin.

O`zin-o`zi basqariwdin` milliy modeli bolg`an ma`ha`llemizdin` burinnan kiyatirg`an da`stu`rleri, u`rip-a`detleri u`lken ruwxiy ta`rbiya waziypasin bejeredi. Kekselerdin` pa`ndiw-na`siyatlari, jasi u`lkenlerdin` shaxsiy ibratlari, ja`ma`a`ttin` tatiwlig`i arqali, adamlardin` an`ina jaqsiliq ideyalari sin`ip baradi.

Ma`halle en` da`slep sap ja`miyetlik, ruwxiy, a`dep-ikramliq ma`kan esaplanadi. Ku`shli ta`sirge iye bolg`an ja`miyetshilik pikir ma`ha`lle xalqin ko`p yaki azlig`ina, ha`meldar yaki a`piwayi jumisshi, o`nerment, bay yaki jarli boliwina qaramastan, olardin` minez-qulqi, o`z-ara qatnasiqlarin, a`dalat ha`m ruwxiy o`lshemler tiykarinda ta`rtipke salip turadi. Sol ma`niste ma`ha`lle, Prezidentimiz Islam Karimov tastiyiqlag`aninday, haqiyqiy demokratiyani u`yretiwshi oqiw ma`kani esaplanadi.

Ma`ha`llede ken` ja`miyetlik ortasinda ideyaliq-ideologiyaliq, ruwxiy-ag`artiwshiliq islerin na`tiyjeli jolg`a qoyiw ushin u`lken imkaniyatlar bar. Ayriqsha, ha`rbir adam qa`lbinde milliy qa`diriyatlar, mehir-miyriwbet, tatiwliq, insaniyliq, el-jurt abiroyi ushin gu`res, o`z-ara ja`rdem kibi pa`ziyletlerdin` kamal tabiwinda ma`ha`llenin` orni o`z aldina.

Shaxs ruwxiylig`in qa`liplestiriwde ta`lim-ta`rbiya mekemelerinin` orni ju`da` u`lken. Mektepler, licey, ka`sip-o`ner kolledjleri, joqari oqiw orinlari ruwxiy ta`rbiyanin` tiykarg`i oshaqlari esaplanadi. Olardin` barlig`inda a`melge asirilatug`in ruwxiy ta`rbiya protsessinde, ba`rshe oqiw qollanbalar ha`m oqiwliqlar, qosimsha a`debiyatlarda, o`tkiziletug`in ila`jlarda to`mendegi ruwxiy-ag`artiwshiliq usillar u`stin a`hmiyetke iye boliwi maqsetke muwapiq:

## 1. 3. Xalıq do`retpelerinde jumbaq jan`iltpash ha`m naqil-maqallardin` ta`rbiyaliq ku`shi, erteklerdin` tutqan orni ha`m a`hmiyeti

Birewden-birewge o`tiw arqali fol`klorliq shig`armalar o`zinin` da`slepki avtorin joytip, uliwma xaliq mu`lkine aylanadi. Bul shig`armalar barg`an sayin o`zinin` ko`rkemlik da`rejesin jetilistirip baradi. Solay etip, fol`klordin` jazba a`debiyattan parqi-onin` da`slepki avtorinin` saqlanbawi bolip esaplanadi.

O`tkendegi so`z sheberleri ta`repinen do`retilgen so`zlerdin` qaymag`i, xaliqtin` so`z o`neri, awiz a`debiyati, xaliq danalig`i bolg`an fol`klordin` u`lken bir bo`limi naqil-maqallar dep ataladi.

Xalqimiz balalardi miynet ete biliwge, o`mirde jaqsi jasawg`a na`siyatlaydi. Bilim aliw, oqiw menen bir qatarda xaliq naqil ha`m maqallar arqali balalardi a`dep-ikramli adam bolip o`siwge shaqirg`an ha`m aqliy jaqtan rawajlaniwina turtki bolg`an. «Atag`a qaray ul o`ser, anag`a qarap qiz o`ser»[32., 10] degen so`z balanin` qalay o`siwi en` da`slep ata-anadan g`a`rezli ekenin bildiredi. bul jerde bala ta`rbiyasi menen en` aldi menen ata-analar qizig`iwi kerek ekenin aytadi.

Jumbaqlar-qaraqalpaq fol`klorinin` belgili tu`rlerinin` biri bolip, ol ko`p g`ana ellerdin` awiz eki a`debiyatinda bekkem saqlang`an. Jumbaq-qaraqalpaq xalqinin` bala ta`rbiyalaw da`stu`rlerinde aktiv qollanilatug`in janrinin` biri bolip esaplanadi. Onda xaliqtin` du`n`yag`a ta`biyatqa ko`z-qaraslari, ja`miyetlik qatnaslari, oyi, qiyali, psixologiyasi, qullasi o`mir tirishliginin` barliq basqishlari so`z etiledi. Jumbaq balalardin` du`n`ya taniwin, ta`rbiya sirlarina oy juwirtip qarawin, qiyalin rawajlandiradi. Jumbaqlarda tu`r-tu`si, sin-sipati mazmunin bayanlap beredi. Al jumbaqti sheshiwshi adam, sol sipatlamalarg`a tiykarlanip, onin` sheshimin tabadi. Jumbaqlar erte da`wirlerden baslap sabaqliq sipatinda u`yreniledi. Sebebi jumbaq oqiwshinin` oy-o`risin ken`eytedi. Jumbaqlar en` da`slep ha`mmege tu`sinikli ju`da` tanis u`y buyimlarin, u`y haywanlarin, baw-baqsha o`simliklerin jumbaqlawdan baslanadi. Jumbaq «jum» ha`m «baq» degen eki so`zdin` qosindisinan do`relip, bir na`rseni oylap jasiriw degendi an`latadi.

Balani duris so`ylewge, tilin shiniqtiriwg`a, so`zdegi seslerdi aljaspay, jan`ilmay duris ha`m tez aytiwg`a u`yretiwde jan`iltpashlardin` a`hmiyeti u`lken. Bazda balanin` tili shig`ip, so`yley baslag`anda geypara so`zlerdin` ha`m ondag`i seslerdin` aytiliwi qiyinshiliq tuwdiratug`ini ma`lim. Usinday qiyinshiliqtan qutiliw balanin` so`ylew tiline aniqliq endiriw ushin xalqimizda jan`iltpashlar ken` qollaniladi. Jaqiltpashtin` sha`rti boyinsha bala oni tez atqariwi kerek. Jaqiltpash aytqan balanin` til muskullari, til ha`reketleri jaqsi rawajlanadi, ha`r bir sesti jen`il, aniq ayta alatug`in boladi. Olar balanin` tilin jatliqtiriw menen bir balalardi a`dep-ikramli boliwg`a u`yretedi. Ol tek tildi jatliqtiriw menen sheklenbey tez tu`sinip yadlap aliw ko`nlikpelerde beredi. Jan`iltpash ha`r bir xaliqtin` til o`nerinin` o`zgesheligine qarap rawajlanadi. Balalardin` tili jas waqtinan rawajlansa, u`lkeygende tili shu`lja`n` bolmaydi deydi xaliq.

Qaraqalpaq balalar fol`klorinin` u`lken baylig`inin` biri ertekler bolip, ol erte zamannan xaliq arasinda ju`da` ken` taralg`an. Ertekler arqali xaliqtin` a`rmanlari, tilekleri ju`zege asirip atirg`an. Ertekti bilmeytug`in, ha`tte oni aytpaytug`in adam bolmasa kerek. Erteklerdin` ko`pshiligi turmisqa bolg`an xaliqtin` ko`z-qarasin bayan etiwge, a`dillikti, haq niyetlilikti, hadalliqti, jawizliqti,

hiylekerlik, insapsizliq siyaqli qa`siyetlerdi a`shkarlawg`a arnalg`an. Ertekler, ta`biyat haqqinda, adam haqqinda, sharwashiliq, diyxanshiliq haqqinda bolip bo`linedi. Ertekler balalardi el-xaliqti su`yiwine, adamgershilik, dosliq ruwxinda ta`rbiyalawda u`lken a`hmiyetke iye. Misali: qiyaliy erteklerde adamlar ushar gilemge minip ushadi. Suymurin qusqa minedi. Jeti qabat jer astinda ju`rip, neshe tu`rli sha`ha`rlerdi ko`redi. Bular buring`i adamlardin` ushar gilemge a`rmani, suymuring`i-bu`gingi samolet, jeti qabat jer astindag`i sha`ha`r-metro. Demek qiyaliy ertekler balalardin` ilimiy do`retiwshilik oylarin o`siriwge de ta`sir etedi.

Jumbaqlar-xaliq fol`klorindag`i basqa janr tu`rleri siyaqli a`yyem zamanlardan berli xaliq danalig`inan do`regen. Ol talay da`wirdegi ata-analardin` bala waqtindag`i aytqan ha`m sol jumbaq arqali ha`r qiyli qubilislarg`a diqqat bo`lgen. Sirli ug`imlar arqali balalar turmis a`lemlerin oylap pikir ju`rite biliwge u`yrengen. Janr retinde ol balalardin` ruwxiy talabina sa`ykes a`debiy qurallardin` biri.

Jumbaq ta jan`iltpash ha`m balalar qosiqlarinin` «o`tirik o`len`» «o`tirik ertek» tu`rlerine tu`r jag`inan usag`an menen mazmunliq jaqtan a`dewir o`tkirlesip keledi.

Tiri ha`m o`li ta`biyattag`i qubilislarg`a oy jiberiw pikir ju`ritiw jasirilg`an ha`r tu`rli sirlardi ashiw qoyilg`an sorawg`a da`l juwap tabiw boyinsha balalardi a`lwan-a`lwan turmis qubilislarin oylap ko`riwge qiziqtiradi. Bul oylawlar aqil aqimlarin rawajlandiriwg`a ta`sir jasaydi, sezimin ko`teredi.

Jumbaq degen so`z birikken eki so`zden quralip «Jum-jasiriw», -«baq-qara»[32., 12] degen ma`nini an`latadi. Jumilg`an jasirilg`an zatqa qara usini degendi bildiredi.

Jumbaqtin` juwabin tabiw ushin balalar oylaw menen azda bolsa ha`r qiyli zatti, adamdi jerdi aspandi o`simlikler ha`m haywanat du`n`yasin u`y xojaliq ug`imina salistirip olardi ko`z aldinan birim-birim o`tkerip o`zine ishten dodalap “jeti o`lshep bir kesetug`in” sheshimge a`keletug`in aniq. Usilar arqali jumbaq balalardin` aqil oyin tu`sinigin ken`eytip rawajlandiriwg`a ta`sir etedi. Jumbaqtin` waziypasi bunin` menen sheklenbeydi. Qazaq jaziwshisi akademik Muxtar

A`wezov «Jumbaqti mektep balalari til sheberligin bayitiw maxsetinde oqiydi, yadlaydi. Jaslar oyin sawiq keshelerinde elege deyin tamasha etedi. Ata-ananin` jas balag`a beretug`in ta`rbiyasinda da balanin` oyin tapqirliqqa shiniqtiriw ushin da jumbaqtin` ko`p paydasi bar» dep jazadi.

«Qazaq xaliq jumbaqlarinda»[32., 14].

1) Balalar ta`rbiyasina jumbaqtin` paydalari qanday ekenine ser salsaq onda bul sirttan qarag`anda balalardin` soraw juwap tu`rindegi ku`ndelikli oyininday ko`rinedi al shininda onin` balalar du`n`yasina keletug`in paydasina na`zer salsaq onda balalardin` o`zleri aytisqan onda jumbaqtan o`zlerinin` aqil oyin sezimin pa`min rawajlandirip atirg`anin bayqaymiz. Ekinshi jag`inan balalar jumbaq arqali o`zlerinin` qiyal su`riwlerine de qiyaliy ha`diyselerdi oylap tabiwina da ken` mu`mkinshilikler aladi. Balalar a`debiyatinda jumbaqlar usi jag`inan da a`hmiyetli bolip tabiladi. Jumbaqtin` tag`i bir o`zgesheligi-ol ha`r bir baladan teren`irek oylaydi talar ettiretug`in janr tu`ri.

Xaliq awiz eki a`debiyatindag`i janrdin` bir tu`ri jan`iltpashlar do`relgen. Jan`iltpash balalardi duris so`ylewdi o`z sesi menen duris aytiwg`a tilin shiniqtiriwg`a til tamirlarin qaytimlarin rawajlandiriwg`a u`yretedi. Sonlaqtan da jaqiltpash fol`klorda ilayiqli orin iyeleydi. Ol ha`zirgi da`wirde de u`lken a`hmiyetke iye jan`iltpashti xaliq tek balalarg`a g`ana u`yretip qoymastan oni xaliq otirispalarda geshteklerde de aytisip kewil xoshlap ku`lisip, sherlerin tarqatip qosiq qatarlarin shatastirip u`sti-u`stine usas espelenip izbe-iz to`gilip keletug`in so`zlerden jan`ilg`an yamasa tili aylanbay qalg`an jigittin` de qizdin` da u`stinen ha`zillesip ku`lisken. Olardi du`zetiwge talaplangan.

Al ata-babalar bolsa balalarina jan`iltpash aytip berip olardin` aljasqan jerlerin qiziq ko`rip o`zleri de kewil ko`terip ku`lisken. Na`tiyjede jan`altpash adamlardi ku`ldiriw til qaytimin rawajlandiriw g`ana emes al oylawg`a oylanip aljaspay so`ylewge qosiq qatarlarin buzbay yadlawg`a ha`m esitkenin umitpaytug`in qati qulaq boliwg`a ta`rbiyalaytug`in fol`klorliq shig`arma.

Balardin` tili jas waqtinan rawajlana u'lkeygende onin` tili shu`ljin` bolmaydi. Eseygende adamlardin` oylawi menen so`ylewi ten`dey bir-biri menen

birlikte xizmet atqaradi. Tutliqpa bolmaydi. Erkelep o`sip eseygenshe «R» sesin «iy» yamasa «il» sesi menen shatastiradi. Tildin` shu`ljin` bolip a`detlenip ketpewinin` aldin aladi.

Xaliq sonliqtan da jan`iltpash aytip balalardi jas waqtinan-aq xaliq usili arqali duris so`yletken. Qaraqalpaq xaliq naqillari ha`m maqallarinda a`debiyatshi ilimpazlardin` tastiyiqlawi boyinsha tematika og`ada ken`.

Onda el xaliqtin` birligi, miynet etiw ha`m o`mir su`riw, so`z u`yreniw ha`m bilim aliw haqiyqatshi boliw, qayirqom ha`m meyrimli boliw, adamgershilikli, qa`siyetli boliw, den-sawliqti saqlaw, bir-birew menen o`z-ara qatnas jasaw, watandi su`yiw, ma`rt, batir boliw, ta`rbiya, tazaliq, ta`biyat qubilislari ha`m basqada turmis tirishlikleri haqqinda jiynalg`an danishpanliq wa`siyatlari bar.

Sonliqtan naqil ha`m maqallardin` mazmuni og`ada teren` boladi. So`zleri qonimli, ushqir, yadta saqlawg`a jen`il. Olar balalardin` keleshegine na`siyat beriwde, joqari adamgershilik ruwxta ta`rbiyalaw protsessinde balalar a`debiyatinda ayriqsha orinda iyeleydi, degenimizdin` ma`nisi de usinan ibarat.

Naqil ha`m maqallar oqiw ta`rbiya jumisinda oqitiwshinin` bolsin, ata-ananin` yamasa jasi u`lken aqsaqallardin` bolsin o`tkir, ushqir oyli na`siyat qurallari boladi. Ha`r bir ta`rbiyashinin` (mug`allim, ata-ana, h.t.b) aytayiq «bilegi ku`shli birdi jig`adi, bilimli ku`shli min`di jig`adi» dep aytqaninday o`zi bilimge umtiliwdin` onin` ushin «iyne menen qudiq qazg`anday», erinbey oqiy beriwdin` «ha`reketke bereket» dep ha`reket ete beriwdin` na`tiyjesinde iygilikli iske, alg`a o`rley beriwge bolatug`inina jas o`spirimlerdin` isenimin arttiradi. Naqil-maqallar turmista ushiraytug`in «Toqsan awiz so`zdin` tobiqtay tu`yini»[32., 28]. Pikiri ju`da` jiynaqli, iqsham ha`m ta`sirli etip bere biliwi jag`inan naqil-maqallardan teren` ma`nili sheber qurilg`an so`zdi tabiw qiyin. Ol awizeki xaliq do`retpesinin` en o`tkir ha`m ta`rbiyaliq ma`nisi ku`shli tu`ri. Olar waqittin` o`tiwi menen qurip ketpesten bizin` ku`nimizge de u`lken qizig`iwshiliq penen qollanbaqta, maqallar danishpanliq pikir baylig`in ko`rsetedi. Naqil maqal eki tu`rli atalg`ani menen xaliq

oni ekige ayirip otirmaydi, al kelgen jerinde ekewinde ayta beredi. Bunin` o`zi olardin` aralarinin` bir-birine jaqinlig`in ko`rsetedi.

Bulardin` shig`iwi ha`r tu`rli da`wirge, waqiyalarg`a, adamlardin` ku`n ko`ris tirishligine, ka`siplerine ko`z-qaras o`zgesheliklerine baylanisli. «Uyada neni ko`rsen` ushqanda soni ko`resen`». Sonday-aq pikir geyde awisipali ma`nide ushirasadi. Naqil maqallardi qollaniw bizin` tilimizde de ko`plep ushirasadi, ha`m bular pikirdi o`tkirlestirip, birew ushin taptirmaytug`in usil. Ol shayirdin` shig`armalarin da jiyi ushirasadi.

Barliq xaliqlardin` awizeki do`retpelerinde bolg`an siyaqli qaraqalpaq xaliq awizeki do`retpelerinin` u`lken bir tarawin naqil maqallar quraydi. Naqil maqallar xaliqtin` a`sirler boyi puxtalap, kir juqtirmay atadan balag`a, go`neden jan`ag`a o`tkerip saqlap kelgen hasil g`a`ziynesi. Oni o`zlerinin` miynet ta`jriybelerinin` tat baspaytug`in tinig`i retinde jetistirilgen. Naqil maqallar ko`binese poetik formag`a iye boladi. Sonliqtan olar ma`zi aytila beretug`in jay so`zlerdey shubalan`qi bolmaydi.

Ertek qaraqalpaq xaliq awizeki do`retpelerinin` bay janrlarinin` biri bolip ertek «ertedegi so`z» degendi bildiredi. Ertekler a`yyem zamannan baslap ha`zirgi ku`nge shekem xaliq arasinda do`relip, taralip ha`m aytilip keledi. Ertekler mazmuninin` hayran qalarliq uliwlag`i, xaliq arasinan shiqqan ko`rkem so`zge usta adamlardin` asqan sheberligi haqqinda bildirip turadi. Tu`rkiy so`zlerdin` tu`sindirme so`zliginin` avtori Maxmud Qashg`ariy ertek so`zinin` ma`nisin «hasli bir na`rseni a`n`gime qiliwdan aling`an» dep ko`rsetedi. Durisinda da ertek degen burinda bolg`an, bolmag`an waqiyalar tuwrali qiyal menen toqilg`an, o`z aldina ko`rkemlik o`zgeshelikke iye, belgili bir syujetke, belgili bir obrazlarg`a qurilg`an awizeki prozaliq do`retpe.

Ertekler tek tu`rkiy tillerde emes du`n`ya xaliqlari tillerinde de ushirasadi. Tu`rkiy xaliqlardin` ertekleri tek olardin` awzinda g`ana emes, al uzaq da`wirlerden baslap tu`rkiy tilde jazilg`an jazba esteliklerde de saqlanip kelingen. Bulardi biz keleshekte u`yreniwimiz kerek. Qaraqalpaq erteklerin o`z aldina jiynaw bizin` a`sirimizdin` 20-30-jillarinda belgili ilimpaz N.A Baskakovtin`

payina tiydi. 1925-jili C.Ma`jitov o`zinin` a`debiyat boyinsha xrestomatiyasinda qaraqalpaq xaliq erteklerinen u`lgiler berdi. 20-40 jillari A.Begimov, O.Kajurov, Q.Ayimbetov, X.Ta`jimuratov ta`repinen bir qansha ertekler jiynaldi. N.Japaqov, A.Shamuratov 1941-jili qaraqalpaq erteklerinin` kishigirim toplamlarin bastirip shig`radi. 1949-jili O`zbekstan Ilimler Akademiyasi Qaraqalpaqstan ekonomika ha`m ma`deniyat instituti ta`repinen qaraqalpaq erteklerinin` bir toplami buring`i basilg`anlari menen toliqtirilip basilip shiqti. Erteklerdin` 2-kitabi «Qaraqalpaq ertekleri» ati menen Q.Ayimbetov, G.Esemuratov, A.Karimov ta`repinen 1956-jili basilip shiqti. 1956-jili I.Mayorov, A.Volkovlar ta`repinen 1-ret qaraqalpaq ertekleri rus tilinde basildi. 2-ret Sheverdin` awdarmasinda qaraqalpaq ertekleri «Dikovini Amu» degen at penen de basilip shiqti. 1965-jili Q.Ma`mbetnazarov qaraqalpaq erteklerinin` burin basilmag`an jan`a toplamin bastirip shig`ardi. Qaraqalpaq ertekleri shet tillerine de awdarilg`an. 1945 jili Stanislov Kalyujinskiy birqansha qaraqalpaq erteklerin polyak tiline awdarsa, 1982-jili Qaraqalpaqstang`a kelgen Bonn universitetinin` professori Karl Rayxl` qaraqalpaq erteklerin Germaniyada 1985-jili nemets tiline o`z aldina kitapsha etip bastirip shig`ardi.

Ertekler o`zinin` do`retiliwi boyinsha awizeki xalin` ertekleri ha`m a`debiy ertekler bolip ekige bo`linedi. Birewin xaliq jaziwshilari, belgili jaziwshilar do`retse, ekinshisin xaliq do`retedi. Qaraqalpaq erteklerinin` tematikasi og`ada ken`: tariyxiy ha`diyseler, xojaliq turmistin` tu`rleri, a`det-u`rip, da`stu`r menen, din menen baylanisli shiqqan ertekler ko`p. Tu`rli ja`niwarlardin` o`mirinen, adamlardin` oylawinan, qiyalinan aling`an fantastikaliq-qiyaliy ertekler bar.

Biz joqarida so`z etken ertektegi jaqsi obrazlar, jaqsi qa`siyetler balalardi el-xalqin watanin su`yiwge, adamgershilik dosliq ruwxinda ta`rbiyalawda u`lken a`hmiyetke iye. Bul erteklerdi oqip otirip balalar usinday qaharman boliwg`a, ma`rt, aqilli boliwg`a talpinadi. Qiyaliy ertekler balalardin` ishmiy do`retiwshilik oylarin o`siriwge de ta`sir etedi. O`zlerinin` ta`g`dirlerin birlikte oylap, onin` ushin balalarin ma`rtlikke, dosliqqa, aqirinda jaqsi abadan o`mir su`riwge shaqirip ta`rbiyalag`an. Adamlar erteklerdi balalarina aytip bergen, balalar ushin aytqan. Bul xaliqtin` o`zlerinin` de a`rmani bolg`an, sonliqtan erteklerdin` ko`pshiliginde

turmis ma`selelri ko`rkem tu`rde o`zinin` xaliqliq ornin tabadi. Balalar sezimi boyinsha o`zlerine tanis emes zatlardin` ha`mmesin biliwge qushtar keledi. Xaliq ta balalardin` usi minez-qulqin bilip, haywanlar haqqindag`i a`jayip erteklerdi do`retken. Balalar haywanlar haqqindag`i erteklerden de o`zinin` turmisi ushin sabaq alip, o`mirdin` ha`r qiyli soqpaqlarinan su`rinbey jol tawip ju`riwge u`yrenedi. Balala jolbaris, qasqir, tu`lki, ashko`z sag`al, tu`ye, eshek, iyt, pishiq, tasbaqa, shayanlar jo`ninde ken` tu`sinikler aladi. Erteklerde unamli qaharmanlar ba`rhama o`zinin` dushpanlari u`stinen jen`iske erisedi, oni qara ku`sh penen emes, al qiyaliy erteklerdegidey aq hiylekerlik tapqirliq sheshenlik penen jen`edi. A`lbette bul retli jerinde usinday hiylekerlikti tapqirliqti sheshenlikti shaqqanliqti ushqir sezimlilikti balalarg`a u`yretiwden ibarat.

## II. Bap. Oqıwshılardı ruwxıylıq ha`m a`dep-ikramlılıqqa ta`rbiyalawda xalıq do`retpelerinen paydalanıw mazmunı

### 2.1. Xalıq do`retpelerinin` oqiwshilardin` ruwxıylıq ha`m a`dep-ikramlılıq ta`rbiyasındag`ı ornı

Xalıq do`retpeleri g`a`rezsiz respublikamiz puqaralari ruwxiy du`n`yasin ha`m a`dep-ikramlıg`ın bayitiw, olardi go`zzal na`rselerdin` barlig`inan xabardar qiliw siyaqli a`jayip qa`siyetlerge iye. Ruwxiy ideyasi joqari, ko`rkemligi ba`lent.

Qaraqalpaq xalqının' awızeki do'retpelerinin' u'lken bir bo'legin naqıl-maqallar quraydı. Naqıl-maqallar xalıqtın' a'sirler boyı puxtalap, atadan balag'a saqlap kelgen hasıl g'a'ziynesi. Onı o'zlerinin' miynet ta'jiriybelerinin' jıyıntıg'ı, a'diwli oy-pikirlerinin' tu'yini. Danalıq so'z marjanlarının' tat bolmaytug'ın tınıg'ı retinde jetilistirgen. Naqıl-maqallar ko'binese poetik formag'a iye bolıp, ko'pshilik so'z sheberlerinin' oy yeleginen o'tip shın'lanıp barıp shıqqanlıqtan tili o'tkir ha'm og'ada ko'rkem boladı. Olar o'zlerinin' turmısqa iykemliligi, uzaq oylardı qısqartqan ko'lemlinin' shag'ınlıg'ı ja'ne pikirdi isenimli yetip bayanlawdın' o'tkir quralı bolıwı usag'an qa'siyeti menen awızeki xalıq do'retpelerinin' basqa tu'rlerinen ayrıqshalanadı. Bular jumbaq, ertek, juwap-ay`tıs, da'stanlarday arnawlı tayarlıqtı talap etpeydi. Birew az biledi, birew ko'p biledi, qısqası ha'r kim o'z bilgenin iretli jerinde ko'rkem so'zdin' qıstırg'ısh gu'li etip paydalana beredi. Naqıl-maqal qollanbay so'yleytug'ın adam joq, «so'zdin' ko'rki naqıl», «naqıldı bir aytpasa aqılsız aytpaydı, aqıllı adam a'n'nimesin naqılsız aytpaydı». So'zdin' ba'nt basarı da'liyli sıpatında qollanıp, ku'ndelikli so'ylew praktikasına teren' tamırlasıp da'stu'rge aylang'an.

Naqıl-maqallar xalıq awızeki do'retpeleri ishinde xalıq turmısına, onın' salt-da'stu'rlerine, sonın' ishinde bala ta'rbiyasına da o'z ta'sirin tiygizetug'ın janr sıpatında ayırımlanıp turadı. A'yyemgi da'wirden baslap ta'lim-ta'rbiya processi arnawlı pa'n sıpatında qa'liplespegen da'wirde ata-babalarımız bala ta'rbiyasında xalıq awızeki do'retpelerin paydalang'an halda ta'rbiyalap kelgen. Xalıq awızeki do'retpelerinin' bir janrı sıpatında naqıl-maqallar o'zinin' ıqshamlılıg'ı, tili

o’tkirligi, ma’niligi menen ayrıqshalanıp turadı. Naqıl-maqaldın’ atqaratug’ın xızmeti adam menen adam arasındag’ı qarım-qatnaslardı ko’rsetedi. Sonın’ menen bir qatarda ja’miyetlik ha’m ta’biyat qubılısları menen u’rp-a’det, salt-sana, ta’lim-ta’rbiya, ja’miyetlik moral, minez-qulıqtıq normaların bir so’z benen aytqanda, xalıq turmısının’ aynası, adamgershilik qag’ıydalarının’ shejiresi sıpatında qa’liplesken. Naqıl-maqallar aytılmaytug’ın so’z, Ashılmaytug’ın sır joq, derlik turmısta bar waqıyalardın’ ba’rinin’ de o’zine ılayıqlı boyawı, ornı, bahası beriledi.

Naqıl-maqallar ta’lim-ta’rbiya quralı sıpatında tu’rlishe qollanılg’an. Onda jaqsılıq penen jamanlıq, dos penen dushpan, ashshı menen dushshı, hadal menen haram, sanalılıq penen sadalıq usag’an tolıp atırg’an turmıs detalları salıstırılıp ko’rsetiledi. Ulıwma turmıs yamasa adamgershilikke min bolatug’ın jarasıqsız zat yaki qubılıslardı qattı sıng’a aladı. A’dillik, ar-namıstın’ tazalıg’ı taptırmaytug’ın baylıq retinde bahalap keleshek a’wladqa na’siyat etip qaldıradı ha’m usılar arqalı balalardı adamgershilikli, sanalı, aqıllı etip ta’rbiyalawg’a bag’darlaydı. Sonday-aq naqıl-maqallar tirishiliktin’ tiykarı bolg’an miynetti su’yiw, ilim-o’ner u’yreniw, a’dep-ikramlı bolıwg’a shaqıradı, ha’r na’rseni o’z waqtında islewdin’ a’hmiyetin tu’sindiredi. Ma’selen` «Qalag’an iske qar jawar», «Miyneti qattı bolsa, Jemisi tatlı boladı», «Miynettin’ ko’zin tapqan baxıttın’ o’zin tabadı», «Adamnın’ qolı gu’l, man’lay teri nur», «Ha’reket etpey, bereket bolmaydı», «En’bek etsen’ emersen’» ha’m t.b.

Xalıq awızeki do’retiwshiliginin’ bul janrının’ termin sıpatında qa’liplesiwine na’zer taslasaq, ilimpazlardın’ ko’pshiligi. Arablardın’ Orta Aziya ha’m Qazaqstan dalalarına keliwi menen, usı aymaqlarda jasawshı tu’rk tilles xalıqlarg’a arab tilinin’ ta’sirinde o’tken dep tastıyıqlaydı.

«Maqal» so’zi bizin’ tilimizge arablardan kirgen. Bunın’ ma’nisi «orınlı so’z» yag’nıy «tiyisli orınlarda aytılg’an so’z».

Geypara ilimpazlar usının’ da’liyli sıpatında ertedegi a’debiy miyraslardı ko’rsetedi. XI a’sirdin’ belgili esteliklerinen esaplang’an «Kutangu bilig» ha’m Maxmud Qashqariydin’ «Devonu lug’oti turk» kitabında og’ada ko’p naqıl-maqallardın’ u’lgileri bar ekenin ko’rsetiw menen qatar Toniko’ktin’ hu’rmetine

ornatılg'an eskertkishte ko'rkem ten'ewler, ertekler, metaforalar, naqıl-maqallar, oforizmler ko'p ushırasadı.

Bul janr ha'mme xalıqlarda da bar. Biraq ha'r xalıqta ha'r tu'rli terminler menen beriledi. Solardın' ishinde tu'rk tilles xalıqlardın' ko'pshiliginde ayırım fonetikalıq o'zgeshelikleri bolmasa, o'z-ara bir-birine og'ada jaqın keledi. o'zbekler «maqol», tu'rkmenler «naqıl ve atalar so'zi», qırg'ızlar «naqıl-maqallar», qazaqlar «maqal-ma'tel» deydi. Al bizde terminnin' «hikmetli so'z», «mısal so'z», «na'siyat so'z» sıyaqlı varivantları da bar. Qaysı xalıq qalay atap, qansha variantları bolsa da, ba'rinin' ma'nisi bir. Ata-babalarımızdan qalg'an hasıl so'z, danalıq tapqırlıqtın' sha'shmesi dep hu'rmetlenedi. Ko'pshiligi «atalar so'zi – aqıldın' ko'zi» deydi. Bul bir jag'ınan naqıl-maqallardın' tag'ı bir ataması bolsa, ekinshi jag'ınan xalıqtın' bergen bahası bolıp yesaplanadı. Qaraqalpaq xalıq naqıl-maqalları o'z-ara mazmun, a'sirese usı mazmunlıq o'zgeshelikti payda etetug'ın qurılıs o'zgesheligine qaray parqı bilinedi. Naqıldın' qurılısındag'ı so'zler da'l anıq ma'nis bildiredi. Sonlıqtan ondag'ı so'zler tın'lawshıg'a aqıl-u'git-na'siyat sıyaqlı esitilip, hesh qanday tu'sinikti talap etpeydi. Bılayınsha aytqanda turmıs ha'diyseleri menen waqıya o'zgesheliklerin tuwrılap naqma-naq juplastırıp aytılg'an ma'nili so'zlerdi naqıl so'zler dep atawg'a bolar edi. Al maqaldın' qurılısına kirgen so'zler awıspalı astarlı ma'nis an'latadı. Sonlıqtan ondag'ı so'zlerdin' ma'nisi ha'r qanday jag'dayg'a baylanıslı awıstırılıp qollanıwg'a, tu'siniwge bola beredi. Onda ım-isharat tımsallap so'ylew basım boladı. «Qızım sag'an aytaman, kelinim sen tın'la» sıyaqlı qulaq-qag'ıs arqalı iske asıradı.

Maqalg'a ta'n tag'ı bir qa'siyet, ol tuwra ga'pti tek tımsal ga'pke almastıradı. Geypara jag'dayda zattın' atın atamaydı. Biraq sha'rtli tu'rde basqa zat arqalı jetkeredi. Ulıwma alg'anda, bulardın' birewi turmıstı anıq naqma-naq ko'rsetse, yekinshisi astarlı awıspalı ma'niste su'wretleydi. Biraq so'zdin' barısında yeskerte ketetug'ın bir na'rse geybir naqıldın' qurılısındag'ı so'zler tikkeley o'z ma'nisin bildirip turıp-aq, awıspalı ma'ni shıg'ara beretug'ınları bar. Bul ha'mme xalıq naqıl-maqallarına ta'n qa'siyet bolsa kerek.

Janlı tilde ayırım naqıl-maqallardın' bir-birine ju'da' jaqın kele beriw qa'siyetin ko'rsetip, rus izertlewshisi Snegirov` «Bazıbir maqallar naqıldan, bazıbir naqıllar bolsa, kerisinshe maqallardan kelip shıg'adı» degen edi.

«Baqırawıq tu'yenin' barı jaqsı, baqırıp turg'an onnan da jaqsı», «Qazanshının' erki bar, qaydan qulaq shıg'arsa», «Qıymıldag'an qır asar, bu'lkildegen jer teser», «Tapqan birewin soyadı, tappag'an ekewin soyadı» ha'm t.b. bul keltirilgen naqıllardag'ı so'zler tikkeley o'z ma'nisin an'latıw menen qatar, olardag'ı astarlı awıspalı ma'nisler tekstegi so'zlerden kem soqpaydı ha'm ayası anag'urlım ken'. Bunday da'rejede ko'teriliwi ha'r bir naqıl-maqallardın' uzaq o'mir su'riwi ushın, onın' qurılısına kirgen so'zlerdi bir neshe mın' jıllar dawamında islep shın'lawın jetkizgenligin ko'rsetedi. O'ytkeni naqıl-maqallar tek jeke adamlardın' g'ana emes, pu'tin bir xalıqtın' ku'shi menen ha'r bir so'zdin' tulg'ası torlanadı. Onı keyingi a'wladlarg'a aqılgo'y ustaz, u'lgi etip paydalana beriwge usınadı.

Xalıq danalıg'ı ta'lim-ta'rbiya procesinde sheshiwshi a'hmiyetke iye. Olar qaldırg'an na'siyat so'zler a'sirler boyı ko'p g'ana a'wladlardın' turmısında o'z bahasına iye bolg'anlıg'ı ma'lim. Ata-analar ta'rbiyashı sıpatında balalar menen ja'miyet ortasında yag'nıy jas a'wlad wa'killeri menen jası u'lkenler ortasındag'ı baylanıstırıwshı tulg'a retinde qatnasadı.

Xalıq folklorinda bala ta'rbiyası qanshelli erte baslansa, onın' na'tiyjesi sonshelli mazmunlı boladı. Usı sebepli bala tuwılıwdan onı ta'rbiyalaw qolg'a alınadı. Ana ha'm a'ke na'restenin' a'piwayı ata-anaları bolıp qatnastan, wolardın' ta'rbiyashısı sanaladı. Sonda g'ana wolar o'zlerinin' minnetin` ata-ana degen juwapkershilikli minnetin aqlag'an boladı. Ta'rbiyada analardın' xızmeti o'z aldına orıng'a iye. Bunı mınaday mısallardan ko'riwge boladı` «Anasın ko'r de qızın al», «Anası o'lgen jetimge qaytıp ana tabılmas. Kempir apası o'lgen jetimge anası bawırman», «Ananın' kewli balada, balanın' kewli dalada», «Ene qa'dirin bilgen, ene so'kpeydi», «Ata ko'rgen oq jonar, ene ko'rgen ton pisher».

Qaraqalpaq xalıq folklorinda jas a'wladg'a ta'rbiya beriwshilerge hu'rmet izzet ko'rsetiw lazımlıg'ı haqqında aqıl-na'siyat, ken'esler berilip kelingen.

A’sirese, en’ jaqsı ta’rbiyashılar ko’pti ko’rgen jası ullılar, kempir-g’arrılar sanalg’an. «Atadan alsan’ teberik, saqla onı dım berik», «Ata so’zin arsız qaytaradı», «A’ken’ o’lsede a’ken’di ko’rgen o’lmesin».

Naqıl-maqallarda biz ko’binese tayın wa’zir juwmaqlardı ko’remiz. Biraq bul ha’zir juwmaqlar oy-pikirdin’ aqırı bolmastan, kerisinshe. Ol jan’adan jan’a oylar ushın tayanısh ha’m olardın’ baslaması retinde xızmet atqaratug’ınlıg’ı ma’lim. Naqıl-maqallar ayırım konkret jag’daylarında juwmaqlawshı xızmetin atqarıp kelse, al geypara waqıtlarda jan’a problemalardı aldımızg’a qoyadı. Naqıl-maqallardın’ qunlılıg’ın olardın’ ishki ma’nisinin’ teren’lik sırların tolıq ashqanımızda g’ana bizge tu’sinikli boladı. Xalıq arasında naqıl-maqallardı ha’r qanday pikirler ju’rgiziwde, o’z-ara gu’rrin’lerde tartıslarda ken’nen qollanılg’anlıg’ı belgili.

Naqıl-maqallar pedagogikalıq bilimlendiriw materialları xızmetin atqarıw menen birgelikte balalar haqqında bilim ha’m ta’rbiya boyınsha xalıq pedagogikası danalıg’ının’ negizin quraydı. Bul o’zinshe bir xalıqtın’ a’deplilik pedagogikalıq kodeksi xızmetin atqaradı. Bul kodeks o’zinin’ barlıq mayda shu’ydelerine deyin xalıq ta’repinen teren’ oylanıp tayarlanılg’an. Konkret jag’daylar sıpatlamasın jasaw ulıwma pedagogikalıq oy-pikirler ju’rgiziw, ko’pshilik waqıtları naqıl-maqallardın’ qollanılıwın talap etedi. «Mın’dı tanıg’ansha birdin’ atın bil», «Ashıw araz aqıl dos», «Toyg’a barsan’ burın bar, burın barsan’ orın bar», «Dos jılatıp aytadı, dushpan ku’ldirip».

Naqıl-maqallardag’ı jekke adamg’a ta’n unamlı ha’m unamsız sıpat belgileri ta’rbiyalawdın’ maqseti retinde adamlardın’ minez-qulqın ha’m xarakterin ha’r ta’repleme jaqsartıwdı na’zerde tutadı. Naqıl-maqallardın’ basım ko’pshiligi jaqsılıqqa shaqırıwshılıq xızmetin atqaradı.

Naqıl-maqallardı klassifikatsiyag’a bo’liw jag’dayın ilimde ha’zirge shekem bir izge tu’spey kiyatır. Naqıl-maqallardı ha’r ta’repleme izertlegen alım T.Niyetullaev to’mendegishe klassifikatsiyalag’an.

1. Miynet haqqındag’ı naqıl-maqallar.
2. Ja’miyet moral normaları, aqıl-na’siyat xarakterindegi naqıl-maqallar.

3. Watan, el-xalıqtı su'yiw ha'm awızbirshilik, doslıq haqqındag'ı naqıl-maqallar.

4. Jıl ma'wsimleri ha'm ta'biyat ko'rinisleri haqqındag'ı naqıl-maqallar.

5. Din ha'm ha'kimshilikke qarsı do'retilgen naqıl-maqallar.

6. Jan'a naqıl-maqal ha'm oforizmler shayırlardın' didaktikalıq qatarları.

7. Terme tolg'awlar.

Qaraqalpaq xalıq naqıl-maqallarında miynetke baylanıslı naqıl-maqallar ko'pshilik bo'legin quraydı. Qaraqalpaq xalqı a'zelden miynetkesh xadıq bolg'anlıqtan o'z balaların miynet su'ygish, ha'r qanday qıyınshılıqlarg'a shıdam bere alatug'ınday etip ta'rbiyalag'an.

«Miyneti qattı bolsa, miywası tatlı boladı», «Ha'reket bolmay, bereket bolmaydı», «Miynet etsen' erinbey, toyadı qarnın' tilenbey» sıyaqlı miynettin' arqasında adam balası bereket tabadı, qarnı toyadı ha'm den sawlıg'ına da miynettin' paydası bar ekenligin tu'sindiredi.

Miynet ta'rbiyasında shan'araqtın' roli ullı. Ha'zirgi da'wirde shan'araqtın' a'meliy ja'rdemine tayanbastan turıp ta'lim-ta'rbiyada ku'tilgen na'tiyjege erisiw mu'mkin emes. Sebebi, bala xarakterinin' onın' miynetke materiallıq ha'm ma'deniy baylıqlarg'a bolg'an mu'na'sibetlerinin' negizi shan'araqta qa'liplesedi. Shan'araq, o'ner ha'm miynet uqıplılıqların saqlaw, bayıtıw ha'm jas a'wladqa beriwde belsene qatnasadı.

Qaraqalpaq shan'araqlarında balalardı miynetke tayarlaw a'yyemnen da'stu'r bolıp kelgen. «Er jigitke jeti o'ner de az», degen naqıldın' mazmunı miynet ta'rbiyasında barlıq xalıqlar sıyaqlı qaraqalpaq xalqının' bala ta'rbiyasında a'hmiyetli ideyası bolıp qalg'an. Ata-ana o'z perzentin keleshek turmısqa tayarlaw, miynetkesh, o'nerdi jetistiriwdi o'zlerinin' muqaddes miyneti dep qarag'an. «Perzenttin' keleshek baxtı - miynette» dep bilgen. «Olardın' fizikalıq aqılıy ha'm a'dep-ikramlılıq jaqtan kamalg'a jetiwi tek miynet etiwdin' arqasında» dep qarag'an. Balalar shan'araqta o'se kelip, miynettin' qa'dir-qımbatın seze bilgen ha'm bul miynet ortalıg'ı olarg'a u'zliksiz ta'rbiyalıq ta'sir ko'rsetken «Qolı qıymıldag'annın' awzı qıymıldaydı», «Miynetsiz o'mir – qara ko'mir»,

«Qıymıldag'an qır asar, bu'lkildegen jer teser» dep miynettin' rolin joqarı bahalag'an.

Adam o'z miyneti na'tiyjesinde g'ana jaqsı turmısina erisedi, oylag'an maqset muradına jetip, a'rmanların a'melge asıradı dep tu'sinilgen xalıq, ha'tteki jas bo'bekte o'zi miynet etip awqatın shaynap jesin degen pikirge iye. Sonlıqtan awqattı jewge erisken balag'a anasının' qosımsha shaynap beriwin nadurıs sanag'an xalıq – balanın' awqattı o'zi shaynap jeytug'ın da'wirin belgilep, bul da'wirden asıp ketse og'an shaynap beriwdi qadag'an etken. Sonlıqtan «Tisi shıqqan balag'a shaynap bergen as bolmas» dep bir ta'repten, awqattı o'zi shaynap jese mazası sol qa'ddinde baratug'ının esapqa alsa, ekinshi ta'repten, balanın' bo'beklik waqıttan-aq awqatın o'zi shaynap jutıwın, awqat jewi ushın miynt etiwin maqset etken.

Xalıq balag'a miynet ta'rbiyasın shan'araqta qa'liplestiriw kerekligin talap etip, bunı shan'araqtag'ı tirishilik turmısınan, xojalıqtag'ı miynetke u'les qosıwınan baslag'an. A'sirese miynetke u'yretiw onın' jasına dene ta'repten iyelegen ku'sh quwatına qaray ju'rgizilip barılg'an. Balalar ko'plegen jumıslardı eresekler menen birge orınlag'an, olar balalardın' isin ba'rqulla baqlap barg'an, jumıs islewdi o'zlerine tapsırma shala isleytug'ının inabatqa alıp, olarg'a ayrıqsha ko'z-qulaq bolıw za'ru'rligin yadta uslag'an. Usı sebepli bazıda «Bala – balanın' isi shala».

«Balanı jumsasan' izinen o'zin' juwırasan'» - dep babalardın' ele miynet ta'jiriybesi kem bolg'anlın'tan qa'teshilik isleytug'ınına keshirim menen qarag'an.

Adamdı adam etetug'ın miynet ekenligin jaqsı twsingen xalıq «Miynet – bilsen' ekinshi anan', jel tiygizbes bolar panan'» dep jaslar ushın balalıqta birinshi pana ata-ana esaplansa, ol miynetke jarag'annan keyin ekinshi pana, onı asırap saqlaytug'ın hadal miyneti ekenligin tu'sindirgen.

Xalıq miynet etpey hiylelik jol menen ku'n keshiriwdi qattı qaralaydı. A'sirese miynetten qashıp urlıq islewdi adamnın' xor bolıwının' tiykarg'ı deregi dep esaplag'an. Urlıq insannın' arsızlıg'ınan, miynet islewge

ta’rbiyalanbag’anlıg’ınan kelip shıg’atug’ın qubılıs. Usı sebepli xalıq bul unamsız xalıqtın’ aldın alıw maqsetinde.

«Urlıq – urlıqtın’ tu’bi xorlıq» - dep na’siyat qılg’an. Bunday jaramas peyildin’ ornına qoparatug’ın ku’sh iyelep, jumıs islew lazımlıg’ın, «Miynetsiz o’mir – qara ko’mir» bolatug’ının turmısta «Adam miyneti menen sulıw» ekenligin tu’sindirgen.

Xalıqtın’ turmıs ta’jiriybesi jaslardı ku’sh biriktirip miynet etiwge ta’rbiyalawdı da a’melge asırg’an. Dara islegen miynet o’mirinen go’re, ko’pshilik toplanıp orınlag’an jumıslar ku’ta’ ko’lemli ha’m tez pitkerilgen. Ja’mdilesip miynet etiw xalıqtın’ imarat salıw isinde jaqsı a’melge asqan. Qonısı joq shan’araqta ya tazadan tiklengen shan’araqlarg’a ko’pshilik birigip «ko’mek» jay salıp bergen. «Ko’mek etiw» usılı menen xalıq jap qazıp suw keltiriwdi, u’lken ko’pirler salıwdı tag’ı basqa islerdi orınlag’an. Xalıq da’stu’rlerindegi bul isler jaslarg’a ja’bdilesken tu’rde miynet etiwdi ko’rsetiwdin’ u’lgisi bolg’an. O’z-ara ku’sh biriktirip is etiwdin’ a’hmiyetliligi haqqında xalıq, «Ko’p tu’kirse ko’l boladı», «Ko’plegen qonaq atqaradı, ko’meklegen jaw qaytaradı», «Ko’p`ten qoyan qutılmas» degen.

Miynetti qara ku’sh jumsap emes, al aqıl menen baylanıstırıp, usılın, jolın tawıp islew kerekligin xalıq u’zliksiz na’siyat etken. Sonda miynet o’nimli boladı ha’m adam qara ku’sh jumsawdan qutılıp, aqıl ja’rdeminde onı an’satlastırıwı kerek. «İsim on’sın desen’, a’disin tap», «İsti bilip isle, aqıldı qosıp isle», sonday-aq «Miynettin’ ko’zin tapqan baxıttın’ o’zin tabadı» dep aytıp, xalıqimiz qara miynet penen aqıl miynetin baylanıstırıp alıp barıwdı na’siyat etken. Bul miynet o’nimdarlıg’ın asırıwshı ha’m adamdı baxıtqa eristiriwshi tiykarg’ı jol dep tu’sindirgen.

Xalıqimiz ha’r bir adam o’zi miynet etip ku’n keshiriwi, ırısqı nesiybesin tabıwı kerek. Birewdin’ arqasında jasap o’mir su’riw – azamat eldin’ isi emes dep esaplag’an. Sebebi, miynet adamdı ekonomikalıq jaqtan g’a’rezsiz etip, jaqsı jasawg’a eristiriw menen birge onın’ o’zin turmısta baxıtlı seziwin payda etedi, miynet adamdag’ı baxıt seziminin’ tiykarı taqılette esaplag’an xalıq` «Da’r`yanın’

suwın ba’ha’r tastıradı, adamnın’ kewlin miynet tastıradı» - dep miynetti insanlardag’ı baxıtlılıq, shadlıq keyiptin’ za’mini sıpatında qabıllag’an ha’m turmısta ra’ha’tlenip jasawdın’ deregi miynet. «Miynettin’ tu’bi – ra’ha’t» deydi.

Sonday-aq adamnın’ jaqsı adamgershilikli, a’deplilik belgileri miynette ashılısadı, «altın orda, adam miynette belgili» - dep miynet jaslardag’ı unamlı pazıyletlerdi jetilistiriwshi ta’rbiyalıq qural esaplang’an ha’m miynetkesh bolıw adamnın’ jaqsı insan ekenligin anıqlawdag’ı o’lshem dep tu’sindirilgen.

Naqıl-maqallarda balanı miynetke ta’rbiyalawda issizlik, erinsheklik, qosjaqpaslıq usıg’ae unamsız illetlerdin’ keri ta’rbiyalıq ta’siri haqqında` «Erinshekke is buyırsan’, o’zin’e aqıl u’yretedi», «O’speytug’ın bala, o’nb`eytug’ın dawdı dalaydı» dep jalqawlıq, erinsheklik qa’siyetlerinin’ jaslarg’a jaraspaytug’ınlıg’ın aytıp o’tedi. Solay yetip, xalıq naqıl-maqallarında miynetke jaslardı baxıtqa erisetug’ın adam tirishiliginin’ za’miyni ekenligin danalıq na’siyat so’zler arqalı uqtırıp kelgen.

Qaraqalpaq folklorinda a’dep-ikramlılıq, adamgershilik, doslıqqa baylanıslı naqıl-maqallar elewli orındı iyeleydi.

Erte waqıtlardan baslap-aq jaslardın’ ta’rbiyasında olardın’ a’dem-ikramlılıq qa’siyetlerin rawajlandırıw, olardı bilimli etip oqımıslıqqa ta’rbiyalaw ma’selelerine ken’ kewil bo’lingen. İnsannın’ insan sıpatında jasawında onın’ aqıllı bolıwı baslı ma’sele. Sebebi, bilimlilik – qaran’g’ıdag’ı jarıq, zulımlıqtag’ı jaqsılıq siyaqlı na’rse. Ol adamdı jaqsılıqqa umtıldıradı. Adam o’zinin’ unamlı qa’siyetleri arqalı hu’rmetke miyasar boladı.

Du’n`yanın’ barlıq sırları ha’m biyma’lim na’rseleri bilimnin’ ku’shi menen ashılg’an. Aqıllı adamlar ko’p na’rselerdin’ ma’nisin tu’sinip, sonın’ na’tiyjesinde pikir ju’rgizetug’ın boladı. Al nadanlar bolsa, hesh na’rsege tu’sinbesten ko’pshilik ma’seleni nadurıs sheshedi. Olar o’mirdegi soqır adam ma’nisinde tu’siniledi. Usı sebepli naqıl-maqallarda «Oqıg’an ozadı, oqımag’an tozadı», «Nadan menen dos bolg’ansha, kitap penen dos bol», «Oqıw oy ozıg’ı, bilim er azıg’ı» - dep bilimliniq artıqmashlıg’ın ko’rsetedi.

Bilim, ilim, o’ner iyelew haqqındag’ı naqıl-maqallarda ko’binese bilimli-bilimsiz, o’nerli-o’nersiz usag’an belgiler salıstırılıp, bilimli o’nerlinin’ artıqmashlıg’ı ko’rsetiledi ha’m jaslardı usıg’an ta’rbiyalaydı. «O’neri joq kisinin’, mazası joq isinin’», «O’nerli qol arımas, o’nersiz qol jarımas», «Bilimli elge nur jawar» ha’m t.b. Sonday-aq, «Bilimli mın’dı jıg’adı, bilekli birdi jıg’adı», «Jasta alg’an bilimin’, tasqa jazg’an xat penen ten’».

Naqıl-maqallardı jaslardı oqıwg’a, bilim u’yreniwge shaqırıp, ilim u’yreniwde qunt penen qızıg’ıp, bilimnin’ shoqqıların iyelegen adam ba’rqulla qatarınan alda bolatug’ınlıg’ı uqtırıladı. Bilim arqalı insan ko’p na’rselerdi qolg’a kirgiziwi, du’n`yadag’ı barlıq biliwge bolmaydı degen na’rselerdide aqıl menen sheshiwge, tu’siniwge bolatug’ınlıg’ı ja’ne de bir ma’rtebe eskertip o’tiledi. Ulıwma ilim bilim o’ner iyelew haqqındag’ı naqıl-maqallardın’ ta’rbiyalıq ta’siri bu’gingi ku’nde de o’z ku’shin, a’hmiyetin joytqanı joq.

Qaraqalpaq naqıl-maqallarında turmısta bar waqıyalardın’ ba’ri o’zine ılayıq b`olıwı menen bezep ten’ew, salıstırıw arqalı anıq su’wretlenedi. Haqıyqatında da, xalıqtın’ neshe a’sirlik mun’ sherin o’z boyına sin’dirgen danalıq oyların do’retkende xalıq a’piwayı bos qıyallarg’a berilgen berilgen. Turmısta anıq, o’z ko’zi menen ko’rgen zatlar menen qubılıslardı minep sınaw arqalı ju’zege keltirgen. Olardın’ ishinde jaqsılıq penen jamanlıq, dos penen dushpan, hadal menen haram, sanalıq penen sadalıq sıyaqlı tolıp atırg’an turmıs mashqalaları salıstırılıp, bir-birinen artıq kemi, payda za’leli ko’rsetilip o’tıradı. Ulıwma, turmıs ha’diyselerine yamasa adamgershilikke min bolatug’ın jag’ımsız ko’rinislerdi qattı minep sınaydı. A’dillik, ar-namıstın’ tazalıg’ı taptırmaytug’ın baylıq retinde bahalanıp. Keleshek a’wladqa na’siyat etip qaldırıp kelingen. Ol so’zler ha’mmege birdey qollanba bolıp, qaysı ja’miyette qanday turmısta jasawına qaramastan nızamnın’ ku’shindey xızmetti atqarıp kelgen. Xalıq danalıg’ında «Wrylanıp ko’rip babalar, so’zdi du’rge ten’egen» yamasa so’zdi qılıshtan keskir a’lpten ko’shli dep sanaydı. «Til tas jaradı, tas jarmasa bas jaradı», «Tilge itibarsızlıq – elge itibarsızlıq» dep u’lken wazıypalar ju’kleydi. Ha’r bir so’zge ma’ni berip, az sanawlı so’z benen saldamlı wydın’ sırın sheshetug’ınday etip ta’rbiyalaydı. «Az

so'z – altın, ko'p so'z – ko'mir» yamasa naqıl-maqal eki so'z, «unamasa xalıqqa, yadında hesh kim saqlamas» sıyaqlı oy, so'z utımlılıg'ına ayrıqsha iti`bar etedi.

Qaraqalpaq xalıq naqıl-maqallarında jaqsılıq-jamanlıq, dos penen dushpan, ashshı menen dushshı, hadal menen haram usag'an tolıp atırg'an turmıs waqıyaları ar-namıstın' tazalıg'ı taptırmaytug'ın baylıq sıpatında ortag'a qoyılıp a'wladtan-a'wladqa na'siyat etip qaldırıladı. Usınday naqıl-maqallarda en' aldı menen adamlardag'ı ayırım adamgershilik qa'siyetlerinin' belgileri, tuwılg'an jeri, eli ushın ayanbay xızmet etiw, dosqa sadıqlıq, kishipeyillik. Jası u'lkenlerdi sıylaw, qonaqqa haq kewli menen xızmet etiw, a'deplilik, saqıylıq ha'm tag'ı basqalar beriledi.

«Er jigit eli ushın tuwıladı, eli ushın o'ledi» dep eli ushın xızmet etetug'ın adamnın' adamgershiligi ko'rsetilse «bermegendi berip uyalt» dep adamlardı ken' peyil, saqıy bolıw a'debine ta'rbiyalaydı.

Jas u'lkenlerdi hu'rmet etiw barlıq xalıqtın' da'stu'rinde erte zamanlardan berli bar. Jası u'lkenlerdi, hu'rmet etiw onın' tek jasın g'ana emes, al o'z o'mirinde xalıqqa etken hadal xızmetin bahalaw bolıp tabıladı. Usıg'an baylanıslı do'regen naqıl-maqallar «Atan'a ne qılsan', aldın'a sol keledi», «Jası u'lkendi sıylag'annın' o'zi sıylı boladı», «Jası u'lkendi sıylasan', alg'ıs jawar basın'a», «Jası u'lkendi xorlasan', qarg'ıs jawar basın'a» degen tolqawlarıda bar.

Xalıq da'stu'rinde u'yge qonaq keliw, qonaqqa barıw adamlardın' arasındag'ı o'z-ara qatnastı ku'sheytip, doslıq tatıwlıqtı arttırıw menen birge xalqımızdın' adamgershilikli jaqsı u'rp-a'det da'stu'rlerinin' biri bolıp esaplanadı. Qaraqalpaq xalqı a'zelden miymandos xalıq bolıp tapsa birin, tappasa ekewin soyg'an, «tapsa birin, tappasa ekewin soyg'an» miyman qonaqtı «qonaq kelse qut keler», «qonag'ın sıylag'an bay bolar», «jaqsı adamnın' belgisi, kelgen qonag'ına taq turar» degen naqıl-maqallarda ta'riplengen.

Xalıq jaslardı a'dalatsızlıqqa qarsı turıwg'a ta'rbiyalag'an. Zulımlıqqa qarsı «zulımlıq esikten kirse, insap tu'n'likten shıg'adı» degen danalıq so'zlerdi do'retken. Zulımlıq bar jerde adamgershiliktin' bolmaytug'ınlıg'ı aytılg'an. Xalıq jatıp isher, haram tamaq, da'mego'ylikke qattı narazı bolg'an. Sebebi, usı

da'mego'yshilikten olar ko'p ja'bir shekken. Na'tiyjede haram tamaq da'megu'ylerdi a'shkarawshı, a'piwayılaytug'ın naqıl-maqallardı do'retken. Solay etip jaslardı hadal, haq kewil, hadal miynet penen turmıs keshiriwge ta'rbiyalawdı na'siyat etken.

«Jaqsı so'z jan azıg'ı» deydi xalqımız ha'm jaslardı otırar ornın, so'yler so'zin biliwge shaqıradı. Til adamlar arasındag'ı qatnasıq quralı. «Mal mo'n'ireskenshe, adam tilleskenshe» degendey adam-adamnın' gu'yisi, adam so'ylesiw arqalı bir-biri menen tanısadı, bir-birine jaqınlasadı, birin-biri ta'rbiyalaydı. Til adamdı du'zewi de, buzıwı da mu'mkin. Sonlıqtan «Tawdı-tastı jel buzar, adamzattı so'z buzar», «An'lamay so'ylegen, awırmay o'ledi», «Oq jarası piter, so'z jarası pitkes», degen naqılg'a jaslar ku'ta' dıqqat qoyıwı kerek. «O'ner aldı qızıl til» bolg'anlıqtan og'an ju'da' itibar menen qarap, so'ylegen so'zin' qısqa, ıqsham ha'm mazmunlı, adamg'a unamlı ta'sir jasaytug'ın, aqılg'a-aqıl, oyg'a-oy qosatug'ın bolıwı za'ru'r. Jaqsı ma'mile, jumsaq so'z ko'binese doslıqtın' tiykarı bolıp adamnın' qa'dirin arttıradı, hu'rmetke miyasar etedi. A'depsiz so'zlerdi aytıwdan saqlanıw, o'zinen u'lken adamlarg'a siz dep a'lpayım so'ylew a'depliliktin' tiykarg'ı sha'rti bolıp esaplanadı. Adam so'zdi ko'p tın'law arqalı sheberligi artadı. «El qaznası eski so'z» degen eski so'zden pedagogikasının' danalıqlarg'a tolı ekenligin ko'remiz. Shınında da jaslarg'a aldın'g'ı ta'lim-ta'rbiya beriwdin' a'sirler dawamında jıynalıp, turmısta sınalg'an sarqılmas xalıq g'a'ziynesi bolg'an xalıq folklorinin' a'hmiyetliligin teren'nen tu'sinip jetiw bu'gingi ku'nnin' a'diwli wazıypası bolıp qalıwı tiyis.

Ha'zirgi da'wir talabına say ha'r qanday ta'rbiya adamnın' ja'miyetlik qatnasın belgileytug'ın a'dep-ikramlılıq qa'siyetlerinin' ishinde Watan su'yiwshilik sezimi jetekshi orın iyeleydi.

Watan su'yiwshilik - watang'a muhabbat, eldin' ma'pin oylaw, watan qorg'awg'a tayar bolıw, eldin' ma'deniy ha'm sociallıq jetiskenliklerin maqtanısh etiw, watannın' tariyxıy o'tmishin ha'm onın' da'stu'rlerin hu'rmet etiwlerdi o'z ishine aladı.

A’dep-ikramlılıq ha’r qanday qa’siyetlerin qa’liplestiriwde ha’r tu’rli naqıl-maqallardan paydalanıw mu’mkin. Ayırım naqıl-maqallar jaslardı ja’miyetlik bolıwg’a ta’rbiyalasa, geybir naqıl-maqallar balanın’ jeke basın ha’r ta’repleme rawajlandırıwg’a qaratılg’an boladı.

Ata-babamız ta’jiriybesinde a’dep-ikramlılıq qa’siyetlerdin’ biri miymandoslıq penen qatar, duz ishken jerine hu’rmet-izzet ko’rsetiw bolıp tabıladı. Xalqımızda «Bir ku’n duzın ishken jerge qırıq ku’n sa’lem» degen danalıq so’z bar.

Xalıq folklorinda sonday-aq, ata-anag’a hu’rmet, tuwg’an jerge muhabbat, watan su’yiwshilik sıyaqlı tuyg’ılardı qa’liplestiriwge de ayrıqsha itibar bergen.

Jaslardı tuwg’an jerge degen hu’rmet penen qarawg’a shaqıratug’ın o’rnekli so’zler` «İyt toyg’an jerine, er tuwg’an jerine» - degen qatarlarda ayqın bayanlang’an.

Bul qatarlarda «iyt» so’zi tuwg’an jerin, el-xalqın su’ymeytug’ın, elinin’ basına is tu’skende qol qabısın tiygizbeytug’ın, arın arlamaytug’ın na’ma’rtler ma’nisinde qollanılg’an.

Sonday-aq, «Erdin’ ku’ni el menen, eldin’ ku’ni jer menen», «Qus qanatı menen, adam elatı menen», «Kisi elinde patsha bolg’ansha, o’z elin’de shopan bol» sıyaqlı naqıl-maqallarda insan o’z watanı menen qa’dirli. Adam balası o’z tuwg’an elatın qa’sterlewi kerek ekenligin uqtıradı.

Watan tuwılg’an jer haqqındag’ı danalıq so’zler qaraqalpaq klassikalıq a’debiyatında da naqıl-maqal so’zler bolıp qa’liplesip ketken. Berdaq shayırdın’`

«Jumıs isle tuwılg’an son’ el ushın,

Janın’dı ayama elde er ushın».

«Er bolsan’ elin’di baqla».

«Qolın’dı u’zbe el elattan» ha’m t.b. qosıq qatarlarında er jigit eli ushın janın pida’ etedi dep watan, tuwılg’an jerdin’ ullılıg’ın aytıp keleshek a’wladtı watan su’yiwshilikke ta’rbiyalaydı.

Xalıq folklorinda doslıq haqqındag'ı naqıl-maqallar a'hmiyetli orın iyeleydi. Doslıq, joldaslıq, bir-birewge muhabbat. Doslıqtı qa'dirlew sıyaqlı pazıyletler a'yyem zamannan xalqımızdın' turmısta sana-sezimine sin'ip ketken.

«Ju'z somın' bolg'ansha,

ju'z dostın' bolsın.

Dos dostın' aynası,

Dosı ko'ptin' malı ko'p» - dep dana xalqımız doslıqtın', ha'r qanday na'rselerden u'stem ekenligin, dostı bar adamnın' turmısta ha'r qanday na'rsenin' qarama-qarsı ta'repi bolg'anınday, dostın' da dushpanı. Jaqsılıqtın' jamanlıg'ı bolatug'ının, du'n`ya usı qarama-qarsılıqlardın' gu'resinen o'z ko'rinisin tapqan. Biraq ba'rqulla haqıyqatlılıq jen'ip shıg'atug'ınlıg'ı dos dushpan u'stinen, jaqsılıq jamanlıqtın' u'stinen jen'ip shıg'atug'ınlıg'ına xalıq isengen.

«Sırın bilmegen adam menen dos bolma», «Dosın' mın' bolsa da az, dushpanın' bir bolsa da ko'p» ha'm t.b. Sonday-aq «Dos dep sırın'dı aytpa, dostın'nın' da dostı basqa jaqta» yaki «Dostıma aytıp sırımdı, dushpanım bildi sırımdı» sıyaqlı maqallarda ha'r kimnin' o'z sırı boladı onı a'shkara etpeymen desen', dostın'a da aytpa, sebebi, sırın' ha'mmege a'shkara boladı, - dep jaslarda sır saqlawg'a ta'rbiyalaydı.

Qaraqalpaq xalqı o'zlerinin' tariyxıy turmıs ta'jiriybelerine negizlene otırıp, keleshek u'lgi bolarlıqtay moral normaların do'retken. Xalıq danalıg'ında ju'ris-turıstın' normaların u'yretip, sadalardı sanalıqqa, a'dep-ikramlılıqqa ta'rbiyalawshı mektep sıpatında ko'zge tu'sedi. «Bolayın desen' a'depli, xosh xalıq penen a'deplen, da'wletin' taymas ha'rgiz, a'dep penen ziynetten» usag'an artıq kemi joq danalıq hasıl so'zlerine ko'z tikpey o'te almaymız. Adamnın' minez-qulqı qa'liplestiretug'ın qag'ıydalar ja'miyettin' talabına qaray tuwatug'ının «ha'r zamannın' bir sazı boladı» sıyaqlı teren' ma'nili so'zleri menen da'liylleydi. Adamnın' minez-qulqı ekonomikalıq qatnasıqlar tiykarında payda bolıp, ekonomikalıq qatnasıqlardın' o'zgeriwi menen moralda o'zgerip baradı. Bul ja'miyette unamsız esaplang'an sıpatlar ekinshi ja'miyette burıng'ıday a'hmiyetke iye bolmay qalıwı da mu'mkin degen boljaw jasaydı.

Degen menen qaysı ja'miyette qanday moral bolmasın olardın' baslı ob`ektisi adam. Adamnın' barlıq o'mir jolı, ja'miyet ha'm ta'biyat qubılıslarına qatnası, sog'an sa'ykeslengen minez-qulıqtın' normaların so'z etedi. Xalıq usınday ja'miyetlik minez-qulıq qag'ıydaların belgilewde obraz, tiplerdi salıstırıp esapqa ala otırıp, olardı u'lken eki toparg'a bo'ledi. Unamlıların «jaqsı», unamsızların «jaman» so'zinin' a'tirapına ja'mleydi. «Bolar bala bes jasınan belgili. Bolar bala on bes jasta baspan der. Bolmas bala otız jasta jaspan der», «Bet jazdın' aynası» sıyaqlı da'slepki ha'reketlerge qarap baha beriw ta'jiriybesin usınadı. Jaqsı sıpatlardı qabıllag'an adamlardın' du'n`ya tanıwı, estetikalıq sezimleri teren' ha'm ha'r ta'repleme boladı. Jaqsı qa'siyetlerdi iyelep ko'p biliwi jasawına baylanıslı emes. «Ko'p jasag'an bilmeydi, ko'p ko'rgen biledi» yamasa «Ko'rgen biler ko'p o'ner. Parıq emes ko'p jasag'an» t.b. naqıl-maqallarda pikir, baha da'l sol formasında berille bermesten, zat yamasa ha'diyseni ekinshi bir na'rsege salıstırıp su'wretleydi. Ko'binese, perzent. Onın' ta'rbiyası haqqında. «Jaqsı perzent – su'yinish, Jaman perzent – ku'yinish», «Til alg'ısh bolsa perzentin', Aqılı artıq kisidey. Til almasa perzentin', Tu'sin'de ko'rgen isin'dey» - dep jaqsı perzent ata-ananın' maqtanıshı, jaman perzent bolsa, kerisinshe. Ata-ananın' ta'shwishi ekenligin aytpaqshı bolg'an.Sonday-aq perzent ta'rbiyasında ata-anag'a itibarlı bolıwdı, olardın' ta'rbiyasına juwapkershilikli qatnasta bolıwdı «Qızıq er jetse, qızı jaqsı menen qon'sı bol. Ulın' er jetse, ulı jaqsı penen qon'sı bol» - dep eskertedi.

Naqıl-maqallardag'ı salıstırıwda janlı jansız yamasa ta'biyatı jag'ınan bir-birine uqsamaytug'ın biraq ulıwma tirishilik ushın qatnası bar zatlar ob`ekti etip alınadı. Degen menen qanday zat salıstırılsa dep tiykarg'ı ideya adam ha'm turmıs haqqında boladı. Naqıl-maqallardın' ko'pshiligi adam menen haywanatlar salıstırılıp, ja'miyetlik moral normaları tiplestiriledi.

Xalıq folklorinda naqıl-maqallardan tısqarı naqıl termelerde ko'plep ushırasadı. Naqıl-termeler tariyxıy figuranın' yamasa waqıyanın' atın zatın sıpatlap otırmaydı. Ol qısqa dujırımlı, teren' pitken oyg'a quraladı. Naqıl termeler de xalıq awzında ko'p tarag'an. Qurılısı jag'ınan xalıq naqıl-maqallarına usaydı. Biraq, a'dettegi naqıl-maqallarday qısqa g'ana aytılıp qoymastan shubatılıp sozın'qılaw,

termeler atqaradı. Naqıl termelerdin' ta'rbiyalıq a'hmiyeti ullı. Onda bala ta'rbiyasına tiyisli barlıq a'dep-ikramlılıq qa'siyetleri a'jayıp jaqsı isleri ashıp ko'rsetiledi. «Sheberdin' zatı o'lmeydi, adamnın' xatı o'lmeydi, sheshennin' so'zi o'lmeydi, bulardın' dan'qı o'lmeydi» yamasa «Uyıqlamasan' qabaq jaw, ishpey ju'rsen' tamaq jaw, jırtıq u'yge tamshı jaw».

Jaqsı menen jamandı tanıp biliw, jaqsıdan u'yreniw, onı hu'rmetlew, jaqsı qa'siyetti o'zine qabıl etip, adam boyına jaqsı sezimlerdi toplaw, jamannan qashıw, dushpandı jek ko'riw qusag'an ma'seleler naqıl termelerinde ken' tu'rde so'z etiledi. «A'zelden dushpan el bolmas, etekti kessen' jen' bolmas», «Jaqsı `bolsa inisi, ag'anın' kewlin qaldırmas», «Eki jaqsı bas qossa, qıl o'tpeydi arada, eki jaman bas qossa, qol ketpeydi jag'adan», «Kese belden baylanb`as, ha'mel etin' sag'adan», «İyt asırasan' sırtlannan, qoydı bermes qoradan» usag'an naqıl termeler adamdı sıpayı sezimler menen, hasıl qa'siyetler menen bayıtadı. Jas a'wladtı ja'miyetke paydalı miynet su'ygish, adamgershilikli adam bolıp jetisiwge umtıldıradı.

Naqıl termeler teren' filosofiyalıq ma'nige quralg'an lirikalıq qosıqlar bolıp, ol xalqımızdın' ruwxıy azıg'ı esaplanadı. Keleshek a'wlad onnan estelik zawıq, a'dep-ikramlılıq ta'rbiya aladı.

## 2. 2. Oqıwshılardı ruwxıylıq ha`m a`dep-ikramlılıqqa ta`rbiyalawda xalıq do`retpelerinen paydalanıw mazmuni

Xalıq do'retpeleri jas o'spirimlerge ju'da' tu'sinikli bolıp balalar onı tez o'zletiredi ha'm u'yrenip, tu'sinip aladı. Sebebi, olardı xalqımızdın' arzıw-a'rmanları umit-tilekleri, turmıs tirishiligi a'piwayı ha'm qızıqlı etip su'wretlenedi. Sonday-aq olarda su'wretlengen waqıyalar menen ha'diyseler ku'ndelikli turmısta da jiyi-jiyi ushırasıp turadı. Xalıq do'retpeleri arqalı ta'rbiyalang'an bala o'zin qorshag'an du'n`ya ha'm turmıs shınlıg'ın durıs tu'siniwge u'yrenedi.

Oqıwshılarg'a fol`klorlıq shıg'armalar u'lken quwanısh ha'm la'zzet bag'ıshlaydı, olarda qosıq, taqmaq, ertek, jumbaq, naqıl-maqal, jan'ıltpash ha'm sanamaqlardı aytıp u'yreniw talabın oyatadı. Sonday-aq xalıq do'retpeleri oqıwshılardın' ruwxıy ha'm a'dep-ikramlılıq sıpatların qa'liplestiredi ha'm rawajlandıradı. A'yyemgi da'wirlerden-aq shıg'ıs xalıqlarında usının' biri qaraqalpaq xalqında a'dep-ikramlılıq ha'm adamgershilik ma'seleleri ta'rbiyada baslı orın iyelep, xalıq balalarg'a a'deplilik uyretiwde tiykarınan o'zlerinin' turmıslıq ta'jriybelerine su'yenip otırg'an. A'dep-ikramlı bolıw paziyletleri haqqında qosıq ha'm da'stanlar, ertekler, naqıl-maqallar do'retken. Mısalı,

Bahası joq g'a'ziyne,
Altınnan zıyat a'dep bar.
Bolayın desen' a'depli
Xosh qılıq penen a'deplen.
Da'wletin' taymas ziynetten.
Aqılın bolsa aqılg'a er , h.t.b.

Erte da'wirlerden-aq ilimli bilimli adamlar xalıqtın' en' abıroylı adamları esaplang'an. Sonlıqtan ilimli bolıw a'dep ikram qag'ıydaların iyelew menen tıg'ız baylanıslı.

Ata-babalarımızdın' a'dep-ikramlıq da'stu'rleri ha'r ta'repleme ta'rbiyalawdı o'z ishine alıp olarg'a a'dep ha'm bilim u'yretiw za'ru'r ekenin tu'sindiredi. Sonday -aq ta'rbiyalıq u'rp-a'detlerde a'dep ha'm a'depsizlik parqın an'lap bilip olardı qarama- qarsı salıstırıp ajıratıw arqalı a'depliliktin' ne ekenin tu'sindiriw usılların oylap tapqan. Xalıq «A'deptin' ne ekenin a'depsizdi ko'rgende bilesen'», -dep u'yretip barg'an.

Oqıwshı jaslardı ruwxıylıq ha`m a'dep-ikramlıqqa ta'rbiyalawdın' mazmunı onın' sapası menen ko'rinetug'ının xalıq jaqsı bilip otırg'an ha'm barlıq waqıya bunday a'dep ikramlılıq sapaların o'zinin' elin su'yiwshiligi xalqına muhabbatı, doslıg'ı menen bayıtıp kelgen. Xalıq pedagogikası bul xalıqtın' awız-eki tu'rde jaratqan qosıq, da'stan, naqıl-maqalları, u'rp-a'detler, da'stu'rler jıyındısı bolıp bular ha'zirgi jaslardı ta'rbiyalawda u'lken a'hmiyetke iye. Xalıq awız-eki

do'retpesi erte zamanlardan beri xalıq pedagogikasında birden bir ta'rbiyalıq da'stu'rlerdi o'zine ja'mlep alg'an qu'diretli qural bolıp keldi.

«A'deplilik degen- sonday bir baylıq onı qanshelli jumsasan', seni sonshelli ka'malg'a keltiredi»- degen xalıq danalıg'ı oqıwshı jaslardı a'deplilikke ta'rbiyalawdın' en' a'hmiyetli sha'rtlerinin' qatarına olardın' minezi, ar-uyatı, adamgershiligi, qanaatshılıg'ın kirgizedi. «Xalqımızda taldı qalay otırg'ızsan', solay ko'geredi» -degen danalıq ga'p aytıladı. Sonday-aq jaslardın' da jas na'lshe sıyaqlı jaqsı o'siwi onı bag'ıp ku'tiwine ta'lim ta'rbiyasına baylanıslı boladı.

Xalıq da'stanları du'zilisi jag'ınan ha'r qıylı jaratıladı. Tu'rli ja'miyetlik-ekonomikalıq sha'rayatlarda jırlanıp keledi. Bul hal olardı belgili bir tu'rlerge bo'lip u'yreniwdi talap etedi.

Alpamıs da'stanı ertedegi qaharmanlıq eposının' jarqın u'lgileriin' biri. Epikalıq mazmunının' qaharmanlıq ha'reketlerine iye bolıwı, onın' baslı qa'siyeti esaplanadı. Sebebi, da'stannın' barlıq a'hmiyeti ha'm tiykarg'ı bag'darın mine usı qa'siyeti belgileydi.

Qaraqalpaq xalıq awız-eki do'retiwshiligi jas a'wladtı ta'rbiyalawda u'lken a'hmiyetke iye. Sonın' ishinde ko'lemlisi ha'm teren' mazmunlısı xalıq da'stanları bolıp esaplanadı. Olar xalqımızdın' bir da'wirlerdegi bilim-sapasın, ma'deniyatın, tariyxın, diniy isenimlerin, du'n`yag'a ko'z-qarasın, ta'lim-ta'rbiya beriwde u'lken xızmet atqaradı. Ayırım da'stanlar o'zinin' ma'nisi jag'ınan oqıwshılardı batır, er-ju'rek o'z watanın su'ye biletug'ın etip ta'rbiyalawda a'hmiyetli orın iyelese, geypara da'stanlar go'zzallıqtı sezip biliwge, doslıqqa, adamgershilikke, haqıyqıy joldaslıqqa sadıqlıq ta'rbiyasın beredi.

Anıq etip aytqanımızda da'stanlar arqalı o'z xalqımızdın' o'tkendegi o'mir tirishilik ushın gu'reskenligin u'yrenemiz.

Mısalı, «Alpamıs» da'stanın alıp qarayıq, «Alpamıs» da'stanının' bas qaharmanı batır jigit Alpamıs batırlıqqa ta'n er ju'rek, aqıllı a'dep-ikramlı azamatlıqqa ta'n barlıq jaqsı qa'siyetler onın' o'z boyınan tabıladı. Onın' batırlıg'ı jas waqtınan-aq ma'lim boladı . O`z qatarlı balalarına qarag'anda ku'shli palwan deneli bolıp o'sedi. Onın' batır bala bolıp o'skenligi da'standa

Alpamıs Baysınnın’ elatında
on to’rt jasına keldi ,
narday ku’shine toldı,
er jetip jigit boldı

- dep su’wretlenedi. Alpamıstın’ ekinshi batırlıq belgisi ol on to’rt jasında bulaqtan suw iship atırg’an asaw Bayshubar attın’ quyrıg’ınan uslap toqtatadı ha’m asawdı qolına u’yretedi. At jigittin’ qanatı deydi xalqımız. Sol aytqanday o’zine joldas, qanat bolatug’ın tulpar attı mın’ jılqının’ ishinen tanıwı ha’m onı quyrıqsız, tusawsız uslawı Alpamıstın’ jaslayınan, aqıllı, bilgish, ziyrek, g’ayratlı bolıp jetiliskennen da’rek beredi.

Alpamıs obrazı xalıqtın’ tilek arzıwların qamtıg’an obraz. haqıyqatında ol, ha’r qanday qıyınshılıqlardı jen’ip xalıqqa baxıt a’periwshi Watannın’ pu’tinligin, awız birshilikti ko’z qarshıg’ınday saqlawshı jen’impaz qaharman bolsa eken degen arzıw-a’rmanlardın’ obrazdag’ı ko’rinisi Alpamıstın’ aqıllı, oylı isleri, jaqsı qa’siyetleri, qaharmanları jas a’wlad ushın u’lgi. Jaslar onnan u’yrenip, el xalıqtın’ ma’pi ushın gu’resshen’ bolıwg’a ta’rbiyalanadı. Xalıq pedagogikasındag’ı ta’lim ta’rbiyalıq ideyalar, a’sirese patriotizmge ta’rbiyalaw oyları qaraqalpaq xalqının’ ishine og’ada ken’ taralg’an.

A’sirler boyı ata-babalarımız jaratqan a’dep-ikramlılıq haqqındag’ı u’rp-a’det salt da’stu’rler turmısta ken’nen qollanılıp keldi. A’sirese danıshpanlarımızdın’ aqıl na’siyatı jas a’wladqa a’dep-ikramlılıq ta’rbiya beriw usılı sıpatında qollanıladı. Xalqımızda mınanday danalıq ga’p bar. Birew danıshpannan`-dun`yada insan ushın en’ jaqsı na’rse ne, en’ jaman na’rse ne- dep soraptı, sonda danıshpan to’mendegishe juwap qaytarıptı-insan ushın dun`yada en’ jaqsı na’rse go’zzal minez-qulıq ta’rbiyalı jaqsı qa’siyetler menen at shıg’arıw, al jaman na’rse a’depsizlik, ta’rbiya ko’rmegenlik, jalqawlıq penen at shıg’arıw. Xalıqtın’ a’dep ikramlılıq sıpatları a’sirler boyı toplandı, olar a’wladtan-a’wladqa o’tip barg’an.

Baybo’ri, Baysarı degen eki ten’les bay bolıp bular dun`yag’a keldi.

Mereke seyil, at shabıstı qızdırıp, ekewi qushaqlasıp dos boldı. Ekewinin' aldına tu'skendey Baysında adam bolmadı, dun`yanın' qızıg'ı menen ekewi biyperzent o'tip baratır edi. Bir neshe jıldan son' Baybo'ri ayttı.

-Baysarı jora, arzım bar, jalg'anshıdan bizler biyperzent, biynıshan o'tetug'ın boldıq.

Ashılar tawdın' giyası,
Jayılar baydın' tu'yesi,
Bizler o'lsek,jora jan,
Kim boladı iyesi
Endigi qalg'an o'mirde,
Qudaydan niyet eteyik.

-Senin' ulın' bolsa, menin' qızım bolsa, ekewimiz quda bolayıq,-dedi. Sol jerde qarg'ı tag'ıp, mal bayladı. Aqlay quda boladı.

Bir neshe kunlerden son' ekewinin' qatını da jukli boladı.

Tog'ız ay on ku'n tolg'anda,
Saatlı waqtı bolg'anda,
Bay qatınına tolg'aqpayda bolg'anda,
Arshadan baqan ko'mirdi,
Tilla'dan ju'wen kerdirdi,
Jeti ku'n jattı tolg'atıp,
At basınday ul tuwdı,
Atın qoydı Alpamıs.

Baysarının' qızı boldı, onın' atı Gu'lparshın qoydı. Baysarı bay toy berdi, pa'tiya, tamashasın tarqattı. Baybo'rige.-Qudam,toy ber -dese, qattı sıqmar kisi edi, jaz kelse, gu'z beremen, gu'z kelse, jaz beremen, dep qudasın jeti jıl aldap ju'rdi. Balaları jeti jasına keldi, oynap esin bildi. Byabo'ri bay aqırı toy basladı. Baysarıday qudasın toyına shaqırdı. Baybo'rinin' toyına Baysarı qasına qırıq jigit alıp,qarshıg'asın ko'terip bardı.

Da'stannın' ekinshi bo'limi turmıs haqıyqatlıg'ın ken'nen ashıp beriwi menen ajıralıp turadı. Jeti jıllıq ayralıqtan son' Alpamıstın' o'z jurtına qaytqanında

onı tuwg'an-tuwısqanları, shopanlar, jılqıshılar. Ka'rwanlar tu'rli taypadag'ı adamlar menen tanıstıradı. Adamlardın' qaharmang'a ha'm onın' qarsılası Ultantazg'a mu'na'sibeti anıq sa'wlelenedi. Bul obrazlar Alpamıstı ideal qaharman «ta'biyiy insan» sıpatında ha'r ta'repleme xarakterlep beredi. Joldag'ı ushırasıwlarda Ultantazdın' zorlıq penen basın alıw ushın toy qılıp atırg'anlıg'ın bilgen Alpamıs ta'rbiyashısı qultay qıyapasında toyxanada boladı. Zalım qarsılası ta'repinen kemsitilgen ha'm ulının' da'rtinen ku'yip atırg'an ata-anasına kewil bildiredi. Xorlang'an, o'lim menen qorqıtılg'an ulı Ja'digerdin' basın sılap Ultantazg'a jag'ıng'an aspazlardın' sazayın beredi, sol jerde qosıq aytıp o'zinin' ku'sh-qu'diretin, Gulparshın ha'm shan'arag'ına sadıqlıg'ın ja'ne bir tastıyıqlaydı.

Alpamıstın' yarı Gu'lparshın, sin'lisi Qarlıg'ash. Dostı Qarajan, ata-anası ha'm qayın atasına bolg'an jıllı sezimlerinde belgili jılqıshı, qa'dirdan ta'rbiyashısı Qultay menen ata-bala, shopan qayribad penene dos tutınıwında onın' shın insaniylıq, a'dep-ikramlılıq qa'siyetleri ko'rinedi.

Ha'zirgi da'wirde jas a'wladqa berilip atırg'an a'dep-ikramlılıq ta'rbiyası to'menlep ketken degen pikirler aytılmaqta. Sebebi, o'tken awqam da'wirinde jas a'wladtı a'dep-ikramlılıqqa ta'rbiyalaw boyınsha ata-babalarımızdın' bay ta'jiriybelerinin' inabatqa alınbawınan bolıp otırg'anday. Eger xalqımızdın' o'tmish tariyxına ko'z jiberetug'ın bolsaq, toy-mereke, jıyınlarda, jaslarımız jası u'lken adamlardın' otırg'an jerine xızmetker otjaqqısh retinde belgilenip, olar jası u'lkenlerdin' a'dep-ikramlılıq ta'rbiyası haqqında ko'p g'ana danalıq ga'pleri, a'psana a'n'gimelerdi esitip, u'yrenip otırg'an wa'm sol ha'm sol tiykarda ta'rbiyalanıp otırg'an.

Xalıq du'rdanaları bolg'an da'stanlarda a'dep-ikramlılıqtın' nıshanı teren'nen sa'wlelendirilgen. Da'stanlar baslang'annan baslap-aq ha'r bir qaharmannın' portreti o'zinin' sulıw, ko'rkem, a'dep-ikramlı so'zleri ko'zge taslanıp turadı. Qaraqalpaq xalqı basqa da qon'sılas tuwısqan xalıqlar sıyaqlı o'zinin' bay awızeki xalıq tvorchestvosına iye. A'sirler boyına xalıqtın' do'retken da'stanlarında, erteklerinde, naqıl-maqallarında , aytıslarında, tolg'awlarında

o’tken da’wirdegi onın’ ku’n ko’risi turmısı, da’stu’rleri, dun`yag’a ko’z-qarası, tariyxının’ ko’rkem sa’wleleniwi beriledi.

Qaraqalpaqlar o’zinin’ tariyxıy ayırmashılıg’ına, ko’ship-qonıwdın’ uzaq dawam etiwine baylanıslı isskusstvonın’ basqa tu’rlerine qarag’anda awızeki xalıq tvorchestvosı do’retpelerin saqlawı, rawajlanıwı boyınsha anag’urlım joqarı da’rejede bolg’an. Da’stanlar qaraqalpaq awızeki do’retpelerinde u’lken orın iyeleydi. Qaraqalpaq xalqının’ a’sirler boyına do’retken en’ hasıl poeziyasın «Edige», «Qırıq qız», «Alpamıs», «Ma’spatsha», «Sha’riyar» da’stanlarısız ko’z aldın’a keltire almaysan’. Solardın’ ishinde «Edige» da’stanının’ en’ aldına tutqan ornı bar. mazmunının’ turmısıylıg’ı tariyxıylıg’ı jag’ınan bolsın, ko’rkemliligi, so’zlerinin’ ta’sirliligi jag’ınan bolsın, o’tken zamannın’ qayg’ı-g’amın, da’rtin, a’rmanların, quwanıshların, da’stu’rlerin, a’dep-ikramlılıg’ın sheber ko’rsetiwi jag’ınan «Edige» ge ten’lesetug’ın da’stan joq dese bolar edi. Da’stannın’ baslı qaharmanları Edige, Nuraddin fol`klorının’ planında su’wretlengen qaharmanlar turmıs haqqıyqatlıg’ı menen de bekkem baylanısıp atır. Edigenin’ periden tuwılıwı, Nuraddinnin’ kishkentayınan er ju’rek, batır bolıp jetilisiwi, Edigenin’ jılqının’ piyri da’rejesine ko’teriliwi, yamasa wa’zirlerdin’ ortasına tu’sip qalg’an Nuraddindi babası Tu’kli A’zizdin’ qaraqus bolıp u’ydin’ shan’arag’ınan alıp shıg’ıwı usag’an epizodlar belgili da’rejede xalıq fantaziyasının’ a’dep-ikramlılıq penen sa’wleleniwi bolıp esaplanadı. Mısalı`

-Elge keldi bir miyman,
Xorlag’an onı biyiyman,
Sıylamaqlıq miymandı,

Burıng’ıdan jol qalg’an-degen qatarlarda xalıq da’stu’rleri menen ushlasıp atırg’an a’dep-ikramlılıq normaların ko’riwimizge boladı. Nuraddin atasın izlep ju’rip Sa’temir xannın’ jurtına kelgeninde Nuraddinnin’ haslı tegi nıshanlı, ko’regenli, a’dep-ikramlı ekenligin bilgen xan og’an sıy hu’rmetler ko’rsetedi. Xan onnan ne qılıp ju’rgen balasaan’ dep sorag’anında`

-Ayrılg’an ko’liinen jalg’ız sonaman,
Jekkelik dag’ınan ku’yip janaman,

U`sh ay on ku'n boldı elden shıqqalı,
Joq qıdırg'an men bir joqshı balaman,
Bolg'an be lime tilla ka'marım,
Tabılmay kewlimde ko'pdur a'rmanım,
Joyıtqan jog'ımnın' tu'rin aytayın,
Ayıp ko'rmen' a'dalatlı patshayım.

Joqarıda keltirilgen mısallarda ko'rkem poetikanın' ku'shi, obrazlı so'ylemler o'z porteretin o'zi sheber sızıp berip atırg'an xudojnik kibi qaharmannın' so'zlewi, kelbetliklerdin' barınsha toyıng'an boyawı bunın' ba'ri-ba'ri da'standag'ı a'dep-ikramlılıq normalarının' ku'shli rawajlang'anlıg'ınan da'rek beredi. Tag'ıda Nuraddin o'z atasın izlep ju'rgenligin ju'da' bir ssag'ınısh tolı , biraq a'dep-ikramg'a bay mınaday sıpatlı so'zler menen bayan etedi`

Man'-man' basqan man' basqan,
To'rt ayag'ın ten' basqan,
Shuwdaların shan' basqan,
O`rkeshlerin qum basqan,
Bawırshının' atası,
Qabırg'alı qarnı ken',
Qara narım joyıttım,
Sonı izlep kelemen,
Adasıp ketti atası,
Sorlı atasın tabalmay,
Bozlap qaldı keyninde,

Bawırshın jalg'ız botası-dep o'z basınan o'tken qayg'ılı o'mirin, atasız qalg'anlıg'ın, ku'shli ten'ewler arqalı berip, ha'r bir insannın' sezim tuyg'ıların qıdıqllaytug'ın so'zler menen bere alg'an. Bunın'day ha'r bir epizodta bolg'an waqıyanı bayanlaw da'stanlardın' tuwdı-pitti tek a'dep-ikramlılıq normasında g'ana sa'wlelendirilgenligin ko'riwimizge boladı… Tag'ıda mısallar`

-Edil degen tilin'nen,
Jayıq degen awzın'nan,

Nog'aydı ko'rgen ko'zin'nen,

Janım qurban o'zin'nen,

Mendey atan' aylansın,

Aytıp kelgen so'zin'nen,

Man'-man' basqan man' basqan,

To'rt ayag'ın ten' basqan,

Shuwdaların shan' basqan,

O`rkeshlerin qum basqan,

Qabırg'a uzın, qarnı ken',

qara narın' men,-dedi,

-Sorlı ataqdı tabalmay,

Bozlap qalg'an keyninde,

Botamba edin' Sen,-dedi

qatarlarında birden-aq eli-xalqı, tuwg'an jeri, watan sag'ınıshı ko'rinedi. Dushpanlarının' qısqısına ushırag'an Edige o'zi tuwılıp o'sken elinen basın alıp shıg'ıp ketiwge ma'jbu'r boladı. Ko'p jıllar dawamında watanınan ayra tu'sken. watan gedayı bolg'an Edigege birinshi ret ko'z aldına Watanı, eli xalqı sa'wlelenedi.

Tuwg'an el sag'ınıshı ha'r bir insannın' ko'keyin tesetug'ın , g'a'rip-hallarg'a salatug'ın en' bir ila'hiyda sezimler bolıp, onnın' da'stanlarıda sulıw, ko'rkem so'zler menen bezetilip beriliwi tın'lawshı ha'm oqıtıwshılarg'a jaqsı ta'rbiyalıq ta'sir jasawı so'zsiz.

A'dep-ikramlılıq ta'rbiyasına ata ha'm balanın' qarım-qatnası birinshi gezekte kiredi. «Edige» da'stanında ata ha'm balanın' birin-biri izlewi, a'sirese nuraddinnin' atası Edigeni durıs tu'sinip o'zinin' ne ushın tiri jetim qalg'anlıg'ın bilip, dos-dushpanların ayıra alg'anlıg'ı. Atasın izlewi bul tek a'dep-ikramlılıq ta'rbiyanın' biyik adamgershilik sıptlar menen teren'nen barıp baylanısqanlıg'ın sıpatlaydı.

Edige balası kelgeninde`

Ha'm quyrıg'ım. qanatım,

Sen edin' menin' quwatım,

Atan' qıyıp ketip edim,

Aman-esen ju'rmisen',

Men ketkende altı aylıq,

İshte qalg'an perzentim,

Aynanayın an'dızım,

Aspanda ga'whar juldızım,

Tiri bende ko'riser,

Aman ba edin' jalg'ızım-dep atalıq mehr menen balasın aymalaydı. Sonda ata mehrine zar bolıp kelgen Nuraddin`

Nuraddindey bul bala,

Mına ga'pti esitip,

Attan jerge taslaydı,

Balasın jerge tu'sirmey

Qushaqlap aldı Edige-degenindey ko'rkem so'zler menen sa'wlelendiredi. Da'standa ja'nede Edige turıp oyladı

oylag'anı bul edi`

-İyt toyg'an jerine,

er tuwg'an jerine

iyt emespen toyg'an jerde ju'rmekke,

kewlim talwas etedi,

Kindik qanım tamg'an jerdi,

Nesiybem bolsa ko'rmekke-degen qatarlarda watan simvolı ju'da' jarqın sssa'wlelenedi.

Da'standa ha'r bir epizodta qaharmanlardın' is-ha'reketleri, portreti a'dep-ikramlılıq normaları da'rejede teren' sa'wlelengen.

Qaraqalpaq xalqının' «Edige» da'stanında biz jaslardı a'dep-ikramlılıqqa ta'rbiyalaw boyınsha xalıq pedagogikasının' danalıq ta'jiriybelerinen ko'plegen mag'lıwmatlar alamız. Xalıq pedagogikasında sa'lem a'deplilik belgisi dep qaraladı. Erteklerde «Eger sa'lem bermegenin'de seni jep qoyar edim degen

jalmawız kempirdin' so'lerin ko'remiz». Bunnan xalıq jawızlıqtın' sa'lemlesiw aldında a'zzi ekenligin tu'sindirgenligin abaylaymız.

Al «Edige» da'standa Edige patshag'a sa'lem beredi, patsha sa'lemin a'lik aladı, - dep jazıladı.

Bunda sa'lem beriw jası kishiden bolıwı, al hal-jag'day sorasıw jası u'lkennen bolıwı a'debin ko'remiz.

Sonday-aq so'z etip otırg'an da'standa jası u'lkenlerdi sıylaw boyınsha a'dep-ikramlılıq u'lgilerin ko'remiz.

Bunda: Babadan burın so'ylep edim.

Meniki ayıp bolg'an eken, - dep Edige batırdın' jası u'lkennin' so'zin tın'lap bolıp, son'ınan so'ylewdi a'dep-ikramlılıq dep sanag'anın, jası u'lkennin' aqılın' alıp, sol aqıl boyınsha is tutıw za'ru'rligin maqullag'anın sezemiz.

Sonın' menen bizge da'standa jası u'lkennin' aytqanın tın'lawdı na'siyatlaw menen qatar jası kishilerge de aqıl bere biliw a'debin o'zlestiriw za'ru'r degen pikirlerdi bayqaymız.

Bizin' xalqımızda «Miyman atan'nan ullı» degen danalıq so'z bar. Miymandı hu'rmetlew a'debi «Edige» da'stanında da jiyi ushırasadı. A'sirese xalqımızda «ha'r bir adam otırar ornın, so'yler so'zin biliwi za'ru'r» degen danalıq na'siyat bar.

Ata-babalarımız ta'jiriybesinde a'dep-ikramlılıq qa'siyetlerdin' biri miymandoslıq penen qatar, duz ishken jerine hu'rmet-izzet ko'rsetiw bolıp tabıladı.

Xalqımızda «Bir ku'n duzın ishken jerge qırıq ku'n sa'lem ber» degen danalıq so'z bar.

Usınday pikirdi «Edige» da'stanında da ushıratamız. Demek, a'dep-ikramlılıq fol`klordın' barlıq janrlarında o'z sa'wleleniwin tapqan. Xalıq pedagogikasında sonday-aq anag'a hu'rmet, tuwg'an jerge muhabbat sıyaqlı a'dep-ikramlılıq qa'siyetlerin qa'liplestiriwge de ayrıqsha dıqqat qaratılg'an.

Ayalı qoldan may bergen, ananı izzetlew baslı na'zerde bolg'an. Sonday-aq jaslardı tuwg'an jerge hu'rmet penen qarawg'a shaqıratug'ın o'rnekli so'zler.

«İyt toyg'an jerine

Er tuwg’an jerine-

degen qatarlarda ayqın bayanlang’an.

Bul qatarlarda «iyt» so’zi tuwg’an jerin, el-xalqın su’ymeytug’ın, eldin’ basına is tu’skende qol-qabısın tiygizbeytug’ın, arın arlamaytug’ın na’ma’rtler ma’nisinde qollanılg’an.

Biz «Edige» da’stanı mazmunında ata-babalarımızdın’ jaslar ta’rbiyasında jası u’lkenge sa’lem beriw, miyman ku’tiw,u’lkennen burın so’wlemey onın’ tilin alıw, ata-ananı tuwg’an jerdi, el-xalıqtı su’yip hu’rmetlaw sıyaqlı a’dep-ikramlılıq qa’siyetlerinin’ mol ekenligin abaylaymız. Pedagog ilimpazlardın’ baslı ma’qseti bu’gingi ku’ni xalıq pedagogikasının’ bala ta’rbiyasındag’ı u’lgi bolarlıq bay g’a’ziynesinen teren’nen izertlep, a’melde qollanıwg’a alıp shıg’ıw bolıp esaplanadı.

## JUWMAQLAW

Xalıq do'retpeleri jas o'spirimlerge ju'da' tu'sinikli bolıp balalar onı tez o'zletiredi ha'm u'yrenip, tu'sinip aladı. Sebebi, olardı xalqımızdın' arzıw-a'rmanları umit-tilekleri, turmıs tirishiligi a'piwayı ha'm qızıqlı etip su'wretlenedi. Sonday-aq olarda su'wretlengen waqıyalar menen ha'diyseler ku'ndelikli turmısta da jiyi-jiyi ushırasıp turadı. Xalıq do'retpeleri arqalı ta'rbiyalang'an bala o'zin qorshag'an du'n`ya ha'm turmıs shınlıg'ın durıs tu'siniwge u'yrenedi.

Oqıwshılarg'a fol`klorlıq shıg'armalar u'lken quwanısh ha'm la'zzet bag'ıshlaydı, olarda qosıq, taqmaq, ertek, jumbaq, naqıl-maqal, jan'ıltpash ha'm sanamaqlardı aytıp u'yreniw talabın oyatadı. Sonday-aq xalıq do'retpeleri oqıwshılardın' aqılıy ha'm a'dep-ikramlılıq sıpatların qa'liplestiredi ha'm rawajlandıradı. A'yyemgi da'wirlerden-aq shıg'ıs xalıqlarında usının' biri qaraqalpaq xalqında a'dep-ikramlılıq ha'm adamgershilik ma'seleleri ta'rbiyada baslı orın iyelep, xalıq balalarg'a a'deplilik uyretiwde tiykarınan o'zlerinin' turmıslıq ta'jriybelerine su'yenip otırg'an. A'dep-ikramlı bolıw paziyletleri haqqında qosıq ha'm da'stanlar, ertekler, naqıl-maqallar do'retken. Mısalı,

Bahası joq g'a'ziyne,
Altınnan zıyat a'dep bar.
Bolayın desen' a'depli
Xosh qılıq penen a'deplen.
Da'wletin' taymas ziynetten.
Aqılın bolsa aqılg'a er ,   h.t.b.

Erte da'wirlerden-aq ilimli bilimli adamlar xalıqtın' en' abıroylı adamları esaplang'an. Sonlıqtan ilimli bolıw a'dep ikram qag'ıydaların iyelew menen tıg'ız baylanıslı.

Ata-babalarımızdın' a'dep-ikramlıq da'stu'rleri ha'r ta'repleme ta'rbiyalawdı o'z ishine alıp olarg'a a'dep ha'm bilim u'yretiw za'ru'r ekenin

tu'sindiredi. Sonday -aq ta'rbiyalıq u'rp-a'detlerde a'dep ha'm a'depsizlik parqın an'lap bilip olardı qarama- qarsı salıstırıp ajıratıw arqalı a'depliliktin' ne ekenin tu'sindiriw usılların oylap tapqan. Xalıq «A'deptin' ne ekenin a'depsizdi ko'rgende bilesen'», -dep u'yretip barg'an. Sol ta'rizde jaslardın' ma'na'wyatının' qa'liplesiwine ulken a'hmiyet penen qarag'an.

Oqıwshı jaslardı ma'na'wiy, a'dep-ikramlıqqa ta'rbiyalawdın' mazmunı onın' sapası menen ko'rinetug'ının xalıq jaqsı bilip otırg'an ha'm barlıq waqıya bunday a'dep ikramlılıq sapaların o'zinin' elin su'yiwshiligi xalqına muhabbatı, doslıg'ı menen bayıtıp kelgen. Xalıq pedagogikası bul xalıqtın' awız-eki tu'rde jaratqan qosıq, da'stan, naqıl-maqalları, u'rp-a'detler, da'stu'rler jıyındısı bolıp bular ha'zirgi jaslardı ta'rbiyalawda u'lken a'hmiyetke iye. Xalıq awız-eki do'retpesi erte zamanlardan beri xalıq pedagogikasında birden bir ta'rbiyalıq da'stu'rlerdi o'zine ja'mlep alg'an qu'diretli qural bolıp keldi.

«A'deplilik degen- sonday bir baylıq onı qanshelli jumsasan', seni sonshelli ka'malg'a keltiredi»- degen xalıq danalıg'ı oqıwshı jaslardı a'deplilikke ta'rbiyalawdın' en' a'hmiyetli sha'rtlerinin' qatarına olardın' minezi, ar-uyatı, adamgershiligi, qanaatshılıg'ın kirgizedi. A'dep-ikramlılıq ta'rbiyası bolsa insan joqarı manawiyatının tiykarı bolıp esaplanadı. «Xalqımızda taldı qalay otırg'ızsan', solay ko'geredi» -degen danalıq ga'p aytıladı. Sonday-aq jaslardın' da jas na'lshe sıyaqlı jaqsı o'siwi onı bag'ıp ku'tiwine ta'lim ta'rbiyasına baylanıslı boladı.

## PAYDALANGAN A`DEBİYaTLAR

1. İslam Karimov Ga'rezsizlik ha'm ruwhıylıq Tashkent - 1995
2. İslam Karimov Do'retiwshilik jolınan Tashkent - 1996 jıl
3. İslam Karimov. "Ruwhıy tikleniw jolında" Tashkent 1998
4. Karimov İ.A Jetilisken a'wlad armanı. T.1999.
5. Karimov İ.A. Buyuk kelajak sari. T.1998.
6.Karimov İ.A. O'zbekistonning o'z taraqqiyot va istiqlol yo'li.T.1992.
7. Karimov İ.A. O'zbekistonning o'z istiqlol va taraqqiyot yo'li-O'zbekiston buyuk kelajak sari` Toshkent O'zbekiston, 1998 y.
8. Karimov İ.A. O'zbekiston` milliy istiqlol, iqtisod, siyosat, mafkura. Toshkent` O'zbekiston, 1993 y.
9. Karimov İ.A. Bizdan ozod va obod Vatan qolsin Toshkent` O'zbekiston, 1994 y.
10. Karimov İ.A. Barkamol-O'zbekiston taraqqiyotining poydevori. Toshkent` O'zbekiston 1997 y.
11. Karimov İ.A. Tarixiy xotirasiz kelajak yo'q.Toshkent` O'zbekiston 1998 y.
12. Karimov İ.A. Jamiyatimiz mafkurasi xalqni-xalq, millatni-millat qilishga xizmat etsin Toshkent` O'zbekiston 1998 y.
13. Karimov İ.A. Yuksak ma`naviyat-engilmas kuch. Toshkent "Manviyat" nashr 2008 y.
14. İslam Karimov «Yoshlarimiz-xalqimizning ishonchi va tayanchi» T., «Ma`naviyat» 2006
15. Karimov İ.A. «Alloq qalbimizda, yuragimizda» T., 1999 yil
16. İ.A.Karimov «Yuksak ma`naviyat engilmas kuch» T., 2008
17. İ.A.Karimov «Yoshlarimiz xalqimizning ishonchi va tayanchi» T., «Ma`naviyat» 2006
18. O'zbekstan Respublikasının' ta'lim tuwrısındag'ı nızamı ha'm Kadrlar tayarlaw milliy da'stu'ri.T. 1997 .
19. Ahmad Xo'ja Shu aziz Vatan-barchamizniki. Toshkent 1995 y.

20. Alewov Qaraqalpaqstanda ta’lim-ta’rbiyalıq oylardın’ qa’liplesiwi ha’m rawajlanıwı. No’kis-1993
21. Axmed Yassaviy “Devani hikmat” Tashkent “Gafur G’ulam” 1992
22. Q.Ayımbetov. Xalıq danalıg’ı. N.1968.
23. P.Abdimuratov. Qaraqalpaq xalqının’ salt da’stu’rleri ha’m onın’ jaslar ta’rbiyasındag’ı a’hmieti. “Bilim” baspası 1996j
24. J.Bazarbaev, Q.Dawletova “A’deptanıw” mug’allimler ushın qollanba No’kis “Bilim” baspası 1992
25. Bazarbaev J.B. Milliy ideya-bizin’ ideyamız. No’kis “Bilim” 2003j.
26. Bazarbaev J., Q.Da’wletova «A’deptanıw» N., Bilim 1994j
27. Bazarbaev J.B. O’mir bul sananın’ ko’terin’kiligi. No’kis “Bilim” 1996 j
28. Bazarbaev J. «İlim ha’m jamiyet» N., 2007
29. Bazarbaev J Manawiyatımız ma’seleleri N., NMPİ, 2000
30. Ruwxıylıq tiykarları. Oqıw qollanba N., 2009
31. A.Pazılov. Milliy tarbiya haqqında oylar. No’kis 2000
32 A.Pazılov. A’dep-ikram ta’rbiyası. No’kis 2003 j
33. M.Obidov. Odob-axloq-ma`naviyat bulag’i T-2000
34 U.Seytjanova. Joqarı adamgershilik ruxıy qadiriyatlarımız. Nokis-2002
35. J.Tulenov qadriyat filosofiyası Tashkent 2008
36. J.Tulenov Jamiyet filosofiyası Tashkent -2001
37. «Qaraqalpaq balalar a`debiyati» I.Qurbanbaev N-1992 j
38. «Qaraqalpaq xaliq pedagogikasi» A`.Ta`jimuratov N-1996
39. «Qaraqalpaq a`debiyati» S.Axmetov, K.Ma`mbetov N-1995
40-58-betler
40. Qaraqalpaq fol`klori. No`kis-1961-80-j
41. Q.Maqsetov, A`.Ta`jimuratov Qaraqalp. fol`klori N-1979